ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ЛІЫЕ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№6 (22.164) ● 2012 гъэм щІышылэм (январым) и 18, бэрэжьей ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Гъубжокъуэ Ю. М. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етыным и Іуэхуки Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и

Указ

Энергетикэм и Іэнатіэм щиІэ фІыщІэм папщІэ икІи ильэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм кыхэкІыу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Гъубжокъуэ Юрий Мэштай и кьуэм** - «Кавказ Ищхьэрэм энергиер тезыгъуашэ щІыналъэ зэлуаку компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІуэхам и Къэбэрдей-Балькъэр Іуэхущ Іапіэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м
№203-УП

Василенко Б. Г. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и промышленностым щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ льапІэр фІэщыным и Іуэхуки

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и

Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и промышленностым зэгъэужьыным кьаруушхуэ зэрырихьылІам икІи ильэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и промышленностым щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ льапІэр фІэщыпІ **Василенко Борис Григорий и кьуэм**.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м
№205-УП

Нанэ Л. М. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ льапІэр фІэщыным и Іуэхуки

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и

Указ

Лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыным кьаруушхуэ зэрырихьылІам, жылагъуэ лэжьыгъэм жыдкэрэ зэрыхэтым икІи ильэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ льапІэр фІэщыпІ **Нанэ Лерэ Мухьэмэд и ныхъ** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ и министерствэм щІалэгъуалэр зэдгъэпажьэныкІэ и къудамэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м
№206-УП

Былымгъуэт Б. Хъу. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр» щІэ льапІэр фІэщыным и Іуэхуки

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и

Указ

Узыншагъэр хьумэным зегъэужьыным кьаруушхуэ зэрырихьылІам икІи ильэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр» щІэ льапІэр фІэщыпІ **Борис Хьусен и кьуэм** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Узыншагъэр хьумэныкІэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хьумэныкІэ кьэрал Іуэхущ Іапіэм и нейрохирургие кьудамэм и дохутырым- нейрохирургым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щІышылэм и 16-м
№6-УП

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Гъатхэ сессием щІедзэ

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэм кьыщыхьалъхьащ Іуэхугъуэпщ Іым щІигъу. Депутатхэм мурад ящІащ КЪБР-м и хабзэгъэуцэ орган нахьыщхьэм и зэхуэсыр щІышылэм и 31-м иригъэкІуэкІыну.

АГРАР политикэмрэ щІы зэхущытыкІэхэмкІэ комитетым и Іэтащхьэ ЛІыхъугу Хьэжмурид президиумым хэтхэр щыгъуэзэ ищІащ «2008 - 2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и агропромышленнэ комплексым зегъэужьыным» республикэ программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» КЪБР-м и законым и проектым. Мурадыр хуэгъэзащ Іэнатіэм хухах федеральнэ, республикэ мылъкур нэхъ тэмэму кьэгъэсэбэпыным.

«КЪБР-м и хабзэ языныкъуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» законым и проектым кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ УхуэныгъэмкІэ, ЖКХ-мкІэ, гъэсныпхъэ-энергие Іэнатіэмкіэ комитетым и унафэщІ Гриневич Валерий. Абы ипкъ иткІэ псоми зэхуэдэу кьаугъэсбэп псыхэм я Іуфэхэр псоми я зэхуэдэ щІыналъэхэм хагъэхьэ. Мы хабзэм егъэтэмэм а щІыпІэхэм псэуалъэхэр зэрыІуащІыхьыну щІыкІэм и Іуэхур. Абы кьыдэкІуэу, зи гугъу тщІы проектым зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ «щІыхэм псы ящІэгъэлъэдэным и Іуэхукіэ», «КЪБР-м и льэпкъхэм я щэнхабзэ щІэинкэм ехьэІа объектхэм я Іуэхукіэ» законхэм щыубзыхуахэм.

Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмкіэ, узыншагъэр хъумэныкІэ комитетым и унафэщІ Жанатаев Сэлим тепсэльыхьащ «КЪБР-м сабийхэм щаІэ хуитныгъэхэм я шэсыпІэхэм я Іуэхукіэ» КЪБР-м и законым зэІуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа проектым. Абы щыубзыхуащ сабийхэр мыхъумыщІагъэхэм сыт я лъэныкъуэкІи щахъумэным егъэщІылІа Іуэхуэхэр.

Законностым, хабзэм, жылагъуэ щыналъэхэм щагъэнэфагъэм егъэщІылІа Іуэхуэхэмкіэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Шумахуэ Арсен депутатхэр щыгъуазэ ищІащ «Жылагъуэ хабзэр хъумэным щІыхьхэр зэрыхэт щІыкІэм и Іуэхукіэ» КЪБР-м и Законыр зэрагъэзащІэм теухуауэ 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 8-м КЪБР-м и Парламентым и Президиумым кьищта унафэр ди щІыналъэм пхыгъэкІа зэрыщІхьум. Абы и къэпсэльэныгъэр нэхъ зэгъэзэщІыІауэ щытар щІыхьхэм хъыбар зэрырагъэщІа Іэмэпсымэхэмкіэ къэрал комитетым и лэжьыгъэрщ. Шумахуэм кьыхигъэщхьэхуэкІащ 2011 гъэм апхуэдэ хъыбархэу 1631-рэ газетхэм зэрытрадзар е телевиденэрэ радиокІэ къызэратар. Мы Іуэхум иогугъу зи гугъу тщІы кьэрал комитетыр.

Парламентархэм унафэ кьащтащ КЪБР-м и Парламентым и депутат, мардэ зыпылъ жылагъуэ зыхь «Анзорей» обществэм и унафэщІ Кьунаш Аслъэнбий КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр етыным теухуа унафэр.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● Щалэгъуалэ

ЕхъулІэныгъэкІэ мэгутъэ

Бэрбэч ХьэтІутІэ и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр кьэрал университетым и «Эльбрус-экспрессэ» КВН командэм мы зэманым и зэфІэкІ щІегъэлъагъуэ Сочэ щекІуэкІ урысейпсо зэхьэзэхуэм.

ЗЭПЕУЭМ хэтыну кьекІуэлІа гупхэм я бжыгъэр 600-м нос. Къэбэрдей-Балькъэрым икІа ныбжьыщІэхэр увыпІэ льагэкІэ мэгутъэ икІи зэфІэкІыу яІэр ирагъэлІэнущ Урысеим КВН-мкІэ и командэ нэхъ льэщхэр мыгувэу щызэІущІэну кьэралпсо фестивалым ирагъэблагъэнухэм яхэхуэным. Ари щекІуэкІынур Сочэщ. Абыкіэ я кІэн кьикІмэ, ди республикэм и гупым Урысеим КВН-мкІэ и лигэ нэхъыщхьэм хьыхьэну Іэмал ягъуэтынущ.

Командэм хэтхэм кьызэралъытэмкІэ, иджыпсту Сочэ щекІуэкІ зэІущІэм мыхьэнэ ин иІэщ я мурадхэр зрагъэхъуэлІэныкІэ икІи мыбы кьыхах дерсхэр кьахуэщхьэпэжьнущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Гъатхэ сессием щІедзэ

Лъэныгъэмкіэ, социальнэ политикэмкіэ, узыншагъэр хъумэныкІэ комитетым и унафэщІ Жанатаев Сэлим тепсэльыхьащ «КЪБР-м сабийхэм щаІэ хуитныгъэхэм я шэсыпІэхэм я Іуэхукіэ» КЪБР-м и законым зэІуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа проектым. Абы щыубзыхуащ сабийхэр мыхъумыщІагъэхэм сыт я лъэныкъуэкІи щахъумэным егъэщІылІа Іуэхуэхэр.

Законностым, хабзэм, жылагъуэ щыналъэхэм щагъэнэфагъэм егъэщІылІа Іуэхуэхэмкіэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Шумахуэ Арсен депутатхэр щыгъуазэ ищІащ «Жылагъуэ хабзэр хъумэным щІыхьхэр зэрыхэт щІыкІэм и Іуэхукіэ» КЪБР-м и Законыр зэрагъэзащІэм теухуауэ 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 8-м КЪБР-м и Парламентым и Президиумым кьищта унафэр ди щІыналъэм пхыгъэкІа зэрыщІхьум. Абы и къэпсэльэныгъэр нэхъ зэгъэзэщІыІауэ щытар щІыхьхэм хъыбар зэрырагъэщІа Іэмэпсымэхэмкіэ къэрал комитетым и лэжьыгъэрщ. Шумахуэм кьыхигъэщхьэхуэкІащ 2011 гъэм апхуэдэ хъыбархэу 1631-рэ газетхэм зэрытрадзар е телевиденэрэ радиокІэ къызэратар. Мы Іуэхум иогугъу зи гугъу тщІы кьэрал комитетыр.

Парламентархэм унафэ кьащтащ КЪБР-м и Парламентым и депутат, мардэ зыпылъ жылагъуэ зыхь «Анзорей» обществэм и унафэщІ Кьунаш Аслъэнбий КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр етыным теухуа унафэр.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Унафэ пыухыкІа къыхуалъхьуэ

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ Уянаев Казым дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балькъэрым турист-рекреащэ экономикэ щІыналъэ хэха къыщыщэгъэпэщыным теухуа Іуэхугъуэхэр щыщэпкъраха зэІущІэ. Абы хэтащ «Іуащхьэмахуэ - Безенги» бгылъкІэ турист курортым зегъэужьыным елъэк Іэнатіэхэм я зэдаІ гупым щыщхэр.

ВИЦЕ-ПРЕМЬЕРЫМ къызэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ Шэджэм, Шэджэм, Іуащхьэмахуэ районхэм турист-рекреащэ экономикэ щІыналъэ хэха къыщыщэгъэпэщыным теухуа зэгурыІуэныгъэ Урысей Федерацэм и Правительствэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэмрэ нэгъабэ щІышылэм и 21-м зэрызэращІылІар. Апхуэдэ мылькур зэрыхухахыну пІалъэмрэ Іуащхьэмахуэ куейм и экономикэ щІыналъэ хэхам и гъунапкъэр зэрагъэбелджылыну щыкІэмрэ тхылъ щхьэхуэхэмкІэ щІагъэбыдауэ щытащ. КьищІынэмыщІауэ, къызэрагъэпэщ ООЗ-м Дзэлыкъуэ муниципальнэ куейр хэгъэхьэным хузунэтІауэ КЪБР-м и Правительствэмрэ «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-мрэ кьыхалъхьа жэрдэмыр Урысей Федерацэм и Правительствэм диныгъащ.

«Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» акционер обществэ зэІуакъм властым и къудамэхэм ядэлэжьэныкъэ инфраструктурэ Іуэхуэхмкіэ и департаментым и унафэщІ **Форафонов Виталий** зэрыжиІамкІэ, лэжьакІуэ гупым хэтхэм къапэщытщ республикэм зэрыщыІэну махуищым кьырибыдзу Къэбэрдей-Балькъэрым и турист кластерым и инфраструктурэр эыкуэдэмрэ ирагъэкІуэкІ Іуэхуэхэмрэ теухуа хьыбархэр ирикъуу зэхуахьэсыну. Абыхэм хохьэ федеральнэ, республикэ программэ хэхахэмрэ монополие инвестицэ программэ инхэмрэ тещІыхьахэри.

Зэхьыхэм къыщыхагъэщащ экономикэ щІыналъэ хэхам и гъунапкъэхэр гъэбелджылыну япэ зэригъэщІапхъэр. Іуащхьэмахуэ районым я лэжьыгъэр и кІэм щынэблагъащ. Адрей куейхэми щепІэщІэкІмэ, щІыналъэм и схемэр убзыхуным и Іуэхур щигъэпсынщІэнущ, инфраструктурэм и объектхэмра турист псэуальэхэмрэ я проектхэр убзыхуным замыІэжьэу щІадзэфынущ.

Властым и щІыпІэ Іуэхущ Іапіэхэм я лІыкІуэхэм кьагъэлъэгуащ лэжьакІуэ гупым хэтхэм сыт и лъэныкъуэкІи дэІэпыкъуну зэрыжьэзыр. -Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м щІымылъку зэхущытыкІэхэмкІэ и департаментым и унафэщІым и къуэдзэ **Попов Дмитрий** кьыхихігъэщащ а жылагъуэхэм щыпсэухэм я сэбэп зыхэлъхэм зыкІи зэран зэрахэмыхьынур, ирагъэкІуэкІыну лэжьыгъэхэр зыхуэдэмрэ абыхэм я мыхьэнэмрэ ахэр кІууэ зэрыкагъэгъуэзэнур, псори зэдухауэ, хабзэ гъэунэхуам тету къызэрызэрагъэпэщынур.

КЪБР-м уэхущІыгъэмрэ архитектурэмкІэ и министрым и къуэдзэ Къъуэлуфэ Ириней и упщІэм и жэуапу зи гугъу тщІы акционер обществэ зэІухам программэхэр гъэзэщІэныкІэ и департаментым и къудамэхэм и нэхъыжь **Воробьев Сергей** къыгъэлъэгъащ «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м проектхэр мардэ щхьэхуэм тету зэІуу зэрыщагъэбелджылыр, щІыпІэхэм я тепІэм, я дуней мыхьэнэ хэха зэрыратыр икІи инвесторхэмрэ хэгъэрейхэм я архитекторхэмрэ зэщІыгъуу сыт хуэдэ объектми и щытыкІэнур зэрыхуейуэ къыхахыну Іэмал зэраІэр.

Апхуэдэу зэхьыхэм щытепсэльыхьащ гъуэгухэр, энергетикэм, ЖКХ-м я инфраструктурэр уэхуэным пыщІа Іуэхугъуэхэми.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Аруан куей

Къуажэ гъуэгухэр ягъэтэмэм

Старэ Шэрэдж къуажэм и гъуэгухэр кьаназ щымыІэу зыхуей хуэзэуэ гъатхэм техьэнущ.

АПХУЭДЭ хьыбар гуапэ кьыдигъэщащ жылагъуэ администрацэм и Іэтащхьэ Хьэбжокъуэ Аслъэн. Абы зэрыжиІамкІэ, уэфІу екІуэкІ махуэхэр кьагъэсэбэпурэ, куэд щІауэ зыгъэпІейтей кьуажэ кхъэм екІуалІэ гъуэгухэм зыхуей хуэзэу мывэкІэщхьэхэр тракІутащ. Абы и кІыхьагъыр метр 400-м ныэзэрохьэс. Апхуэдэу лэжьыгъэщхьэхэр щрагъэкІуэкІащ Борыкъуеим, Лермонтовым я цІэхэр зезыхьэ, Октябрьскэ уэрамхэм. Псори зэхэту зэрагъэпэщыжащ метр 1500-рэ. Абыхэм кумбльэмбхэр щагъэсеящ, асфальтыр щІэуэ зытралъхьаээри хэтщ.

НэхъапэуэкІэ и гугъу тщІауэ щытащ Старэ Шэрэджым и уэрам куэдым жэщым кьыз зрагъэнэху уэздыгъэхэр зрырфІадзам. Мы лъэхъэнэм абыхэм ящыщу сэкъат зыгъуэтахэр зэрагъэпэщыжащ. Кьимыдэкіэ, Ленином и цІэр зезыхьэ уэрам нэхъыщхьэм фІэлъ уэздыгъэхэр электрокъарур зэзыгъэзахуэ иджырей лампІкэмкІэ зэрахьэжкІащ. Хьэбжокъуэм кьызэрыхигъэщамкІэ, апхуэдэ зэхьуэкІыныгъэхэр чэзуІкІэ адрей уэрамхэми нагъэсыну я мурадщ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

● Май куей

Ухуэныгъэм зеубгъу

Май муниципальнэ районым уней псэупІэхэр ухуэным зыщеужь. Нужьрей щъэхащым кьрихьыдзу абы щатащ метр зэбгъуэнатІэу мин 33,4-р.

МЕТР зэбгъуэзнатІэ 11476-р ильэс КІуам хуоз. КьаІэм и мызакъуэу, Новоивановскэ, Александровскэ, Котляревскэ, Сарскэ, Новэ-Курскэ, Колдрасинскэ жылагъуэхэми ухуэныгъэхэр щокІуэкІ. Нэгъабэ и закъуэ уней псэупІэу 134-рэ ятащ, мы гъэм метр зэбгъуэзнатІэ 13500-рэ хьэзыр ящІыну я мурадщ.

КьищынэмыщІауэ, ильэс кІуам ята объект 35-м ящыщщ рознидэ сату щащІыну тыкуэн 21-р. Май кьалъэм Энгельс и цІэкІэ щыІэ уэрамым тращІыхьа автобус итІыськэпІэм удэ дахэ щапІэ хэтщ. «Нектар» производственнэ комбинатыр хуит ящІащ метр зэбгъуэзнатІэ 3287,7-рэ зыубыд инкуботарыщІэр, щагъыр цехыр, административнэ лэжьапІэ унэр кьитІэсэбэпыну.

Псори зэхэту апхуэдэ Іуэхущ Іапіэр псэуальэу метр зэбгъуэзнатІэ 10976,2-рэ Май куейм щатащ.

ЮРЧЕНКЭ Наталье.

Исыну хуейкъым, икІыни хуэзфІэкІыркъым

Шотландием исхэм ящыщу хэкур кьэрал щхьэхуэ щІыным хущІэкъуэхмэ Великобританиеим хэтым хуейу зэрыщІэхьэрэ я бжыгъэ зэрыгъэщхьэщыкІыщхуэ щымыІэу зэхуэдизщ.

Шотландием, апхуэдэу Ирландие Ищхьэрэмрэ Уэльсымрэ я автономиер нэрылъагъуэ ягъэбыдзу щІадзащ центрым и унафэм хиубыдэ Іуэху куэд 1999 гъэм щІыналъэхэм иратыжа нэужь. Шотландием и националист партыр кьыдэкІуэтейри, езым и лІыкІуэхэр 2007 гъэм либерал-демократхэм кьызэрагъэпэща правительствэм хигъэхьэн хуэзфІэкІащ, 2011 гъэм щегъэжьауэ унафэ псори зыІэщІилъхьащ.

Иджы Шотландием и правительствэм кьегъэув а хэкум и къэкІуэнымкІэ цІыхухэм щеупщІыну референдумыр 2014 гъэм и бжьыхьэм ирагъэкІуэкІыну.

Ахъшэр зохадыгъуэ

Урысейм Следственнэ комитетым и унафэщІ Басгыркин Александр къызрильыгъэмкІэ, оперативнэ лэжьыгъэ иригъэкІуэкІыну хуитныгъэ зиІэ финансэ полиц хэха къызэрэпэщыпхъэщ.

Иджыблагъэ абы жиІащ къэралым и финансэ системэр къызыгъэтІасхьэ щІэпхьаджагъэхэр кІуэгъэку нэхъыбэ эзрыхъыр икІи абыхэм япэщІэтыж къэрал орган щхьэхуэщІэмэ, зэрыпхъыфІыр. Налогхэм я лъэныкъуэкІэ зэхащІыхьхэм кьыдэкІуэу, ткІийуэ кІэльыплъын хуейщ бюджетхэмрэ бюджетым химыубыдэ фондхэмрэ я ахьыщ кьызэрагъэсэбэпым.

Медицинэм и Іэнатіэм и закъуэ ехьэІа уголовнэ Іуэхуу идкьыпту зэхагъэкІэхэр 130-м щегъу. Ахэр ятеухуащ кьэрал, муниципальнэ медицинэ Іуэхущ Іапіэхэм папщІэ хущхьэхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ кьэщэхунымкІэ заказхэр щыхагъашэм зэхащІыхьахэм. «А уголовнэ Іуэхухэм япкъ иткІэ, щыІу 26-рэ ягъэкъуащІэ. Ахэр псори унафэщІщ. Абыхэм узыншагъэр хьумэныкІэ щІыналъэхэм я министру щытауэ я иджыпсту министру лажьэу 32-рэ яхэтщ», - жиІащ УФ-м Следственнэ комитетым и комитетым и Іэтащхьэм.

Льыгъажэр увыІакъым

«Правительствэм кьызэрыІэщІэ къэзыштахэм арэгуэру Сириеим и Хомс кьалэм щІыхуитху щауІащ, бгъуэ уІэгъэщащІэ», -ключаш Сириеим щІыху щхьэхуитныгъэм къыщыщхьэщхьэм.

ГъэмахуэкІ кІуам Сириеим хьыбарыщІэхэмкІэ и къэралагентствэм хьитащ правительствэм и бийуэ узрамым кьыдыхьахэм ялэжьа бгъуэнщагъэ псори зэрахунгъэгъуэмкІэ Асад Башар унафэ кьызэриштар. Абы папщІэ иджыпсту къэралым къыщалъхьуэ псоми мы мазэм кьрибыдзу зыкъатын хуейщ. Апхуэдэу уэрамым сэбэпынагъ иІну фІэщ щыгъуейщ, а маз гъэ дыдэм Сириеим щыналъэ гъэунэщагъэмкІэ и кьарухэм цІыху 11 зэраІэщІэкІуэдар кьэлпъытэмэ.

Полицэр я нэщанэуапІэщ

Дагъыстэным и Дербент кьалэм щІэнхьаджащІэхэм къыщагъэуащ полицэм и УАЗ автомашинэр. Полицэм и лэжьакІуэхэм ящыщ зы уІэгъэ хьащ.

«Интерфакс» агентствэм къызэритымкІэ, ар къыщыхъуар дыгъуасэ щэджагъэу нэужьырщ. Полицэм и район Іуэхущ Іапіэм и дежщыта автомашинэм щІалъхьа лагъымыр щыщыщыкІ абы щофырыр исащ.

Нэхъ апэкІэ Кизилюрт районым кьыщагъэтуэу щытащ «Кавказ» федеральнэ автомаибль гъэзуэм дэкІуэу щІалъхьа лагъымы 6, псоми зэхэту тротил килограмм 400-м я льэщагъ яІэу. Ахэр къыщыщІахым МВД-м и лэжьакІуэхэм ящыщ зы хэхуэщащ, я ІэгъэтІэж.



♦Илъэси 100 апэкІэ Ипщэ полюсым нэсащ Скотт Роберт зи пашэ кьэхутакІуэ гупыр. Кьагъэзэжауэ къыщыкІуэжьи Скотт Робертрэ абы итуэхамрэ хэкІуэдащ.

♦1854 гъэм кьалъхуащ адыгэ усакІуэщхуэ Пащі Бэчмырзэ.

♦1940 гъэм кьалъхуащ кинодраматург, тхакІуэ Жылэтеж Сэлэдин.

♦1949 гъэм кьалъхуащ Абхъаз Республикэм, КъШР-м я цІыхубэ артист, КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист Акъ Мухьэрбэч.

ПІалэгъуэ зыхъхьэзырыр ГЪАЩІ Аминэтэм.

● Гу зылъытапхъэ

Республикэм и цІыхухэу пщІэ зыхуэтщІхэ!

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж жэщми махуэми щоплажьэ коррупцэм теуруауэ хъыбар зэрервгащІэ хьуну телефонхэр.

Властым и лІыкІуэхэм яІыгъ къулыкъуэхэр я щхьэ Іуэхукіэ къызэрагъэсэбэным, лэжьыгъэм ехьэлІа, уголовнэ законодательствэр къызэрызэпаудым фыщыгъуаззэмэ, а телефонхэмкІэ Администрацэм и лэжьакІуэхэм захуэмгъазэ хьунущ. ХэІущІыІу фщІыну фыщІешынымкІэ Іуэху гуэрхэм фытепсэльыхьынымэ, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и лэжьакІуэхэм зыкъыфІпащІэ зэрыхьуну телефоныр къэзгъэльэгІуэмэ зэфІэкІынущ.

ЦІыхухэм къабгъэдэкІ дэтхэн хъыбарри урысей законодательствэм къызэригъэувым тету зэхагъэкІынущ хабзэхъумэ, къэпщытакІуэ органхэм. Хъыбарыр кьызыбгъэджащэ хэІущІыІу ящІынкъым.

Телефонхэр: 8(8662) 47-17-79, 47-32-56.

Посольствэм топсэльыхь

АБХЪАЗ. *Республикэм и Іэтащхьэ Аныкваб Александр Абхъазым и лІыкІуэ Урысеим щыІэ Ахэр Игорь Іущіащ. Ахэр къэралыбыдэ политикэм тепсэльыхьащ.*

ПРЕЗИДЕНТЫМРЭ лІыкІуэмрэ посольствэм и лэжьыгъэм зэпкърыхауэ кьытеувыІащ.

Фигу къэдгъэкІыжьащи, Урысей Федерацэм и щыхьэр Москва Абхъазым и посольствэ 2010 гъэм и нэкьыгъэм кьыщыІэуахащ. Иджыпсту абы дипломатэ *7* щолажьэ.

Сириеим макІуэ

Республикэм Репатриантхэм я Іуэхуэхмкіэ кьэрал комитетым и унафэщІ Адлейбэ Зураб зи пашэ Абхъазым и лІыкІуэ гуп Сирием кІуащ. Ахэр нэхьыщхьэу зытекІухьар ди лъахэгъуэхэм щыпІэм щаІэ псэукІэщытыкІэр зрагъэщІэныщ.

ФИГУ къэдгъэкІыжьынщи, ди лъахэгъуэхэр щыпсэу Сириеим Хьэрып Къэралыгъуэм щыпсэофэуа щытыкІэм ехьэлІауэ, Абхъаз Республикэм къэрал щІыбэ Іуэхуэхмкіэ и министерствэм мыхъэ-мытІэу кьыгъэлъэгъуащ абы щыпсэу я я щхьэхэр я адэжь щынальэм щетІысэхьыжьынмкІэ зыщагъэкъуэну зэрыхьэзыр.

Мейкьуапэ куейм и лІыкІуэхэм яІуощІэ

АДЫГЕЙ. *Республикэм и Правительствэм и унэм Адыгейм и Іэтащхьэ Тхьэкіущынэ Аслъэндэр зрилІ Мейкьуапэ куейм и унафэщІхэм щаІуащІащ. Абы ирагъэблагъащ Кьэрал Совет-Хасэм и депутатхэр, а куейм щыщхэр кьэрал властым кьулыкъу щызыныгъэхэр, Іэнатіэхэм я унафэщІхэр.*

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэльыхьащ къэралым и ипщэ щынальэм тещІыхьа турист кластерым хиубыдэ Лагонаки инвестицэ проектыр щыхагъэкІыну Мейкьуапэ куейм и зыужьныгъэм. Абы щыхэпльащ районым гъуэгуэгр щыуэным, газ, псы ешэлІэным, мыхьэнэ пыухыкІа зиІэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм.

Сом мелуан 430-рэ хилъхьэнущ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Хьэрычэтщ мыиныр дэІыгъыным КЪШР-м 2012 - 2015 гъэхэм сом мелуан 430-м щІигъу хупытыпщынущ.*

ХЬЭРЧЫТ мыиныр я курытымрэ дэІыгъыным хухахыну сом мелуан 432-м щыщу, мелуан 340-рэ федеральнэ бюджетым кьыхэупутІыпщынущ. А программэр пхыгъэкІыным и мыхьэнэ нэхьыщхьэр республикэм и экономикэм зегъэужьынырщ, лэжьыгъэ Іэнатіэхэм хэгъэхьэнырщ, налог хэхьыпІэхэм зегъэубгъуынырщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Полицэр я нэщанэуапІэщ

Дагъыстэным и Дербент кьалэм щІэнхьаджащІэхэм къыщагъэуащ полицэм и УАЗ автомашинэр. Полицэм и лэжьакІуэхэм ящыщ зы уІэгъэ хьащ.

«Интерфакс» агентствэм къызэритымкІэ, ар къыщыхъуар дыгъуасэ щэджагъэу нэужьырщ. Полицэм и район Іуэхущ Іапіэм и дежщыта автомашинэм щІалъхьа лагъымыр щыщыщыкІ абы щофырыр исащ.

Нэхъ апэкІэ Кизилюрт районым кьыщагъэтуэу щытащ «Кавказ» федеральнэ автомаибль гъэзуэм дэкІуэу щІалъхьа лагъымы 6, псоми зэхэту тротил килограмм 400-м я льэщагъ яІэу. Ахэр къыщыщІахым МВД-м и лэжьакІуэхэм ящыщ зы хэхуэщащ, я ІэгъэтІэж.

♦1940 гъэм кьалъхуащ кинодраматург, тхакІуэ Жылэтеж Сэлэдин.

♦1949 гъэм кьалъхуащ Абхъаз Республикэм, КъШР-м я цІыхубэ артист, КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист Акъ Мухьэрбэч.

ПІалэгъуэ зыхъхьэзырыр ГЪАЩІ Аминэтэм.

Лъэпкъ Іуэщхьэ:

Узэджэр къокІуэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Махуэшхуэ зэхыхьэ

Къэрал Іуэхущіапіэ нэхъыщхьэхэм ящыщ Урысей прокуратурэр кіыхьэрыгъэрэгъэпэщэ щіыщыхэм и 12-м нтъэ 290-рэ ирикъуащ. Абы теухуа зэхыхьэ дыгъуасэ КъБР-м и Прокуратурэм щекіуэкіащ. Зэлушэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Іуэхущіапіэ Іертер Иван, Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, республикім и хабзэхъуэрэ Іэнатіэхэм, кьалэ, район прокуратурэхэм я унафэщіхэр, ветеранхэр.

РЕСПУБЛИКЭМ и прокурор, юстициэмкіэ 2-нэ класс, зиІэ къэрал чэнджэщэгъу Жариков Олег зэІущіэр кьыдэзыихри, яхэрылым и прокуратурэм игъуэта зыужьыныгъэм, абы кьыкіуа пъэгъэнэгъэ, я екъулІэныгъэхэм кіэщіу кьыгтеувыІащ, республикім и ефіэкіуэныгъэм, щіыхухэм я сэрэп зыхэпльхэм адэкіи телэжьыну зэрамурадыр жиІащ. Адэкіэ зи махуэшхуэр зыгъэльапІэхэм ар екъуэхьуащ, кьахуеблэгъа хьэщіэ гъапІэхэм, пщіэ, щіыхь зиІэ, япэ ита я унафэщіхэм, нобэми я щапхъэхэр щыІэ ветеранхэм фіыщіэ яхуищіащ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Гертер Иван зи махуэшхуэр зыгъэльапІэ прокуратурэм и лэжьакіуэхэм псалъэ гъапэхэмкіэ яхъуэхьуащ

- Гъуэгуанэ купщІафіэ къэзыкІуа, тхьідэ кьуелей зиІэ Іэнатіэщ прокуратурэр. Сыт хуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр щы-Іами, нобэр кьыздэсым ар хабзэр, щіыхухэм я хуитыныгъэр хьэмэным толажьэри, и екъулІэныгъэхэм зэрыхэхьгъэхэуэнур си фІыщ мэкъу. Фи Іэнатіэм и хъер фІыгъуу, узынщагъэрэ зэІуэзэпэщыныгъэрэ фи щхьэкіэ, фи унагъэкіэ фиІэну сыныводхьуэхьу, - захуигъэзащ Гертер Иван кьыдэхуэсахэм.

Республикэ Правительствэм къыпащащ республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщІ Мер Юрэ, 1978 - 2003 гъэхэм прокуратурэм щылэжьа, прокурорым и кьуэдыжьэ щыта Наркотикхэм еБэныныкІэ федеральнэ кьулыкъым и Іуэхущіапіэу КъБР-м щыІэм нобэ и унафэщІ Кульбаев Руслан сынэ.

Къэрал кіуэщІ Іуэхуэмкіэ министру КъБР-м щыІэ поліцэм и генерал-майор Васильев Сергей кьызэрыуэхэсэм псалъэ гуапэ хэр яжриІащ, Урысей Федерацэм къэрал кіуэщІ Іуэхуэхэмкіэ и министр армэм и генерал Нургалиев Рашид и унафэкіэ «За боевое содружество» медалыр зыхуагъэфащэ республикім и прокурор Жариков Олег иритащ.

Адэкіэ псалъэмакъым кьыпыдащэ ФСБ-м щІэуэ щыІэ Іуэхущіапіэ КъБР-м щыІэм и унафэщІ генерал-майор Кменный Сергей я Іэнатіэм прокуратурэр зэрыдэлажьэм, абы кьыриІуэ екъулІэныгъэхэм папщІэ фІыщІэ яхуищІащ.

Іуэху гуапэм кьыпащэри, республикім и прокуратурэм и унафэщІ нэхъыфІэм, лэжьакіуэ парытхэм, ветеранхэм, къэрал дамыгъэхэр, «Прокуратурэм и ветеран», щіыхь, фІыщІэ тхьытхэр, нэгъуэщІ дамыгъэ, саугьэт ЛъапІэ хэр иратащ.

Прокуратурэр кьызэрызэрагъэпэщэр илъэс 290-рэ зэрырикъум и медалыр зыхуагъэфащэхэм ящыщ прокурорым и кьуэдзэхэу Жекеев Алик, Лаврешин Юрий, Махуэ Артур, прокуратурэм и кьудамэм и унафэщІ Мэсей Аскэр, прокуратурэм и ветеранэу Абаев Руслан, Чэт Юрэ, кьалэ, район прокурор хэр. Илъэс кІуам я лэжьыгъэм кьриІуэхэмкіэ нэхъыфІу кьаІутащ Нэгъэщіу Заур зи Іэтащхьэ Шэрэдэк куей прокуратурэр.

УАРДЭ Женя.

Шыр зи гъащІэ гурыфІыгъуэ

Хэку зауэшхуэм и ужь пъэхьазэм Исльэмэй и кьуажэм щыІэхэт «Красная Кабарда» колхозым и гъэш, мэл, джэдкъаз фермэхэр эмэн кІэщІым эрагъэпэщыжат.

● Жыжьэ - гъунэгъу

...КОЛХОЗЫМ и шы гуартэр зи Іэмышіэ ирапльа Альэсчыр Лалу правленэм кьыщІэкІыжри губгъуэмкІэ игъэзащІ. Апхуэдизкіэ щІыІащи, жьыбгъэ кІыжри, «Юрехулхэ», лъакъуэхэр егъэдий, узыгъэвв уэсыр «егъэтхъэусыхэ». А псори шы-хьэ щІапэм зыхищІэрэкъым. Лалу и тхьэкІумэм иКІыжьхэм колхозым и тхьэмадэм зэІущІэм къыщыжриІар: «Уэ, Лалу, дыпщогугъ зэщІыгъуэ уимыІэу щыхэр гъэ тебгъэкІыну. УэзрыщІыгъуэщи, ахэр димыкІэ зы лэжьыгъэм тхудгъэкІынугъкъым». Шы щищым зырыз къащІэбгъахъуэу, хэщІыныгъэ уимыІэу Къущхьэжьу укъэхьажьыр Іуэху щыкІуГжьым.

Лалу япэ тІэбгакъуэхэр тегушхуауэ ичащ, лэжьыгъэфІ кхъэхъуІэ, лъхуэн-пІэнищэ къэс щыщІэ 80 къыщІигъэхуащ.

- Си гуапэу сынохъуэхъу, дыщогугъ уи ехъуІэныгъэхэм дяпэкіи хэбгъэхъуэну, - кьыжриІащ абы щыгъуэ колхозым и унафэщІ Мэлыхъуэ Фуэд, - Йджы бжьыпэр районым щызыІыгъэхэм уеныкъуэкъун хуейщ.

- Ислъэ кьакІэ лъхуэн-пІэнищэ къэс щыщІэ 90 къыщІэзгъэхъуэну укъыдэгугъэ, - пІэльэ итащ абы щыгъуэ Лалу. А зэманым ар зыхуэзфІэкІыну районым исыр машІэт.

- Уэлэхьи, куэд и гугъэм мы Лалу, и нэпэр зытрикъужнуц, - жызыІэхэри щыІэт. Псом хуэмыдэу, абыхэм ягъэщІэгъуащ «Восток» колхозым и шыхьэу пашэ Тембот Льэостэнащ зэхьэзэхъуэм кьыдэририджар.

- Пхуэфэщэн гуэр хьэрхуэрэгъу пщІамэ нэхъыфІт, дэнэ уэ Льэостэнащ ущыльэщІыхьынур, - кьеХъурджэуэт и лажьэгъуэр.

Ауэ Альэсчырыр зымащІэкіи щІегъуэжакъым икіи кьикІуэтакъым. Нэхъри ерыщу Іуэхум зритащикіи лъхуэн-пІэнищэ къэс щыщІэ 90 къыщІигъащ. Шыхэр ямэ Лалу и гъэзэгъэ фермэхэмрэ губгъуэ пщыІэхэмрэ яриту иублати, апхуэдизу къуІащ, икіи псори сихуэзэльмыгъэІэсу жащІ абы сыкъэнат. Дунейм кьабзэт, нэхутхьэкут, ауэ щыІэм уигъэундзэращхьэт.

Шыбз гуп щІыгъуу Іукіэрэхьуіка хакіуапщІэм Лалу кІэплькіэутат. Мо жейм сыздыкитьфэм зыгуэрым гущІэу сиудыныщІащ.

- Псынщіэу Гъуымыкъэ льэгу дыгъакіуэ, хакіуапщІэр кьытеХуауэ зэрыщІ, ахэр димыкІэ, - жиІащ зы махуэ гуэрым хозяйствэм и унафэщІым фермэм техьауэ.

- Сэ ар хуит кьысхуэщІ, - ельэІуащ Альэсчырыр шыхъуэ нэхъыжьхэ ПІалэ.

- Хьэуэ, ар гъэсэгъуэй хъунущ, упальэщыкІым, зы бэлыхь кьуищІэнщ, адрейхэм ебгъэщхь хъунукъым, - кьритыжащ абы жэуап.

- Умыгузавэ, сыпэльэщынщ, - кьикІуэтыркъым Лалуи.

ЕтІуанэ махуэм гугъущэ дежмкіэу шым уанэ тритльэщ

Си еджапIэ - си къежьапIэ

Быф Арсен и щапхъэ

Зэманыр макIуэ, къэмыувыIэу. Яныныкъуэхэм я дежкIэ ар щакIуэм нутIыпщ шабэ ззэшэу бдолъэт, адрейхэм я пашхьэм абы шыпхъэгум и зекIуэкIэм хуэдэу зыщегъэжьажьэ. Бахъсэн куейм хыхьэ Исламей къуажэм дэт курыт школым и унафэщI Быф Арсен зэманым и кIуэжIэм кIэтхьыщIыныр хущIыхьэгъуэ нхуэрыкъым. ЕгъэджакIуэм и гъащIэр гъэнщIащ зыпэрыт Iэнатlэм, и Iэщlагъэм епха Iуэхугъуэ зэмыдзэжьыгъуэхэмкIэ. Ар хуиос и нэIэ щIэт Iуэ хущIапIэм щекIуэкI егъэджэныгъэгъэсэныгъэ гъэжьыгъэм и дэтхэнэ уэнтIыныныгъэм зиужьыным жыдэжру хэтыну.

●Дифl догъэлъапIэ

ЩIЭЛЭР гъэсэн, абы щIэныгъэ ябгъэдэтлъхьэн Iэнатlэм Быфыр зэрыпIэрыхьэрэ илъэс 30-м щIигъащ. КъБКъУм и химие къудамэр 1979 гъэм кIыуэ нэужь, Арсен егъэджакIуэу кIыгъэзэжащ щалъхуэ кIуэжэм дэт егIуанэ курыт школым. IэщlагъэлI ныбжьыщIэм гупыр гуапэу пежьащ, дэтхэнэри хьэзырт я гъэсэн нэхъыфIу щытаэхэм ящыщ щIалэщIэр лэжьыгъэм хэгъуэзэныжьыкIэ сэбэн хъуну, чэнджэщ купщафIэкIэр кIуритыну. Химиер зэрыригъэджым щIыгъуу, Быфым и пщэ кIрагъэхьащ класс унафэщI къалэнэри. ЕгъэджакIуэм абы щыгъуэ игу иритлъхьащ щытащ и гъэсэнхэм я псэр щIэныгъэм етауэ къэгъэтэджыным, школым кьащIах зэфIэкIэр балигъ гъащIэм нужькIэ къыщагъэсэбэпыфынымэ зэфIэкIыу иIэр ирихьэлIэну.

- Сабийр школым щыщIэтIысхьэкIэ, езыри и адэ-анэри а Iуэхум фIыгъэ къахудэкIуэну мэгугъэ. Апхуэдэ хъуэпсапIэкIэр абыхэм кьаэзрыригъэхъулIэфынымэ хущIэкъун хуейщ дэтхэнэ егъэджакIуэ нэсри. Апхуэдэ гупсысэхэрт си гъэугугъэ-гъагъуэр сабийхэм я пащхьэ япэ дыдэ сыщIигъам щыгъуэ, - игу къегъэкIыж Быфым. - Абы кIыдэжIуэуи сригъэзэрт бэкIэ къыс щыгугъ си егъэджакIуэхэм нобэ сабГъуры тэ сэри сыззрыпэжьэнум.

Зэримыгугъуэу, лэжьыгъэм щIэх дыдэу Iэижь хуэхъуащ Быфыр. Сабийхэм яхуиIэ пьагъунытьэмрэ и псэ кьабзагъэмрэ гъуСэ яхуэхъуащ егъэджакIуэм и предметым фIы дыдэу зэрыхищIыкIыну. Химиер езыр щIэныгъэ хьэлэмэтщ, ар тэмэму ябгъэдэплъхьэфмэ, дерсхэр зыфIэмыхьэлэмэт еджакIуэ щыкIуэхэм къаэхкIын хуейкъым. Апхуэдэуи хъуащ, Арсен и дерсхэм я ухуэкIэр кьыззрыгуэкIтэкIыем, абы хигъэхьэрт химием пыщIа опыт хьэлэмэтхэр, а щIэныгъэм и щIэху куэдкIэ гъэсэн щыхуэзэм ехьэлIа щапхъэхэр, мымащIэу кьигъэсэбэпырт нэрылъагъу пособиехэр. Зэманыр зэрыкIэур зыхимыщIэу, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм пыщIа Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ ар игъэнщIыфырт Арсен. Абы ригъаджэ сабийхэр щIэх-щIэкIыгъуэ хэтт химиемкIэ зэхьэзэ хуэ зэмылIэужьыгъуэхэм, уныпIэфIэхэр кьыщахьырт. Абыи и лъэр нэхъри щIигъэкIырт егъэджакIуэм. И гъэсэнхэм я ехьулIэныгъэм ар щыгуфIыкIырт езым ей дыдэхэм хуэдэу. А лэжьэкIэ мардэрщ иIэр дэтхэнэ егъэджакIуэфIми.

Апхуэдэ псэ хьэлэл лэжьыгъэм фIыгъуэ куэд кьыхуэдэкIуащ егъэджакIуэм. Псом япэрауэ, абы кьихьащ и гъэсэнхэм я пщIэрэ лъагъунигъэрэ, зэрыщIэжъуэпсаун, ныбжьыщIэхэм щIэныгъэм и нэхум зыхуаныйуэ, абы гъащIэм щIэ мыхьэнэр нэхъыфIу къагурыIуэ хъуащ. КъыкIэлъыкIуэу, егъэджакIуэм бгъэдэлъ зэфIэкI лъагэхэм гу лъатащ кьыдэпэжьхэми, кьуажэдэсхэми, куейм и унафэщIхэми. Аращ абы школым и пашэу щытыныр кьыщIыхуагъэфэщари.

- Быф Арсен ящыщщ зи кьаэнэхэр кьыхьыхэтыныщэу гъэззэщIэным хущIэкIу, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ гъэжьыгъэм щIэ гуэрхэр хэтлъхьэныжьмкIэ жэрдэмыщIэкэр кьыхэзыгъэлъхьэ школ директорхэм, - жеIэ егъэджэныгъэмкIэ куей Iэнатlэм и унафэщI Абрэдж Тамарэ. - Пщэрыльэ хуэпщI дэ гъэнэ Iуэхугъуэми ар бгъэдохьэ егупсысащэ, лъэныкъуэ псори зэпиплъытарэ нэхъыфIыр кьыхихауэ. Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэр щащхьэ ящухьу адрей школхэм я пашэхэми, Арсен и нэIэм щIэт гъжьакIуэ гупми. Абы кьыпэкIуа фIыгъуэхэм ящыщщ щIыбыр щалъагъуэм щIэ пщIэ лъагэр, дыкьыгъ лъапIэхэр, щIыхь, щытхъу тхьилъхэр.

Школ директорхэм куэд яхэтщ, а кьулыкъуэм пэрыува нэужь, я дерсхэм гулъытэ нэхъ хуамыщIу. Ар кьыхокI зэманыр нэхъ зэпэубыда зэрыхъуми, Iэнатlэр тэмэму зехьэным кьалэн куэд зэрыпылъми. Атlэми, а псори щIащIэжьыр сабийм щIэныгъэ куу етынырауэ щыщыгткIэ, дэтхэнэ дерсми жэуапIныныгъэкIэ бгъэдыхьэн хуейщ. ЕджапIэм и унафэр кьыззэрыIэщIапъхьам щхьэкIэ къэмынэу, Быфым, япэми хуэдэу, гулъытэшхуэ хуещI и дерсхэр гъэхьэзырныи, ахэр фIагъышхуэ яIэу егъэкIуэкIыным. Абы кьыгуроIуэ дерсхэр кьыззыхуэтыншэу, купщафIэу, иджырей технологиехэр я пьабжьэу егъэжьэныныр егъэджэныгъэм и фIагъыр кьэзыIэт Iэмэпсымэ нэхъыщIхьэу зэрыщытыр. Абыкъ ЩIэлъ унафэщIыр щыщапхъэщ кьыдэлажьэхэм я деж, апхуэдэуи я щIэтгъэкъуэнщ икIи я чэнджэщгъуэ егъэджэныгъэм япэ лъэбакъуэ хэр щызыхъ IэщlагъэлIэнщ.

Гъэсэныгъэ екIуэр щIэныгъэм Арсен зрита ныб жьыщIэкэр куэд мэхъу. Зрагъэгъуэта Iэщlагъэкэмкlэ зэмылIэужьыгъуэми, егъэджакIуэм и нэIэм щIэта ныбжьыщIэхэм я нэхъыбапIэр зы IуэхугъуэкIэ зэтохуэ: ахэр гъащIэм хэзэгъащ, яхуэфэщэн хуэныпIэхэр щаубыдащ. Псом ящыхъэращ, ныбжьыщIэхэм я гъуэгугъэныгъуэу, щIыхь пэж кьаэхкIащ.

- Ди класс унафэщIу икIи химиер дзэзгъэджу щыта Быф Арсен хуэдэ щIыхь гъуэтыгъуэйщ, апхуэдизу ар зи псэр ныбжьыщIэхэм яхуэзIуха лэжьакIуэщи. Ар ди класс, ди пашэу щамыгъэувыж щытуэ, гупыр зыкIи адрей школ классхэм дакьыкIэщу щытакъым. Иужькlэ ди класс унафэщIыр ди щапхъэу, фIы и лъэныкъуэкIэ зытхъуэжу дыхуэжьащ. Абы и щIыхьэт школ гъащIэм жьыдэжру дыхэт зэрыхъуар, олимпиадэхэм, псом хуэмыдэу химиемкIэ екIуэкIэм, уныпIэфIэхэр кьыщыщIхьу дыдэзэрыхуэкъым, Быфым топсэльыхь и гъэсэну щыта ЗекIуэрей Хьэсэн. - Арсен куэдым тхуэхъуащ ныбжьэгъу нэхъыжь, унэтlакIуэ, чэнджэщэгъуфI. Ноби абы зыхудогъыазэ дызыигъэпIейтей Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ.

Сабийхэр Iейрэ фIыкIэ зэи зэжидзырыным егъэджакIуэм. Арсен зэрыжиIэмкIэ, ахэр псори псэ кьабзэу кьегъэщI. А кьабзагъэр, дахагъэр хъумэныр, егъэфIэкIуэныр зи кьалэнхэм ящыщщ егъэджакIуэхэр, гъэсакIуэхэр. ЗыгуэркIэ Iуэхум ныкъуэныгъэ кьыхэкIэм, ар сакьыу, сабиипсэр уIэгъэ умыщIу, абы и пщIэр ащрейхэм я деж щумыдыхьэу зэгъэззэжьэнкIэ хуеиуэ аращ.

Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэхэр, дзей тетыкIэ мардэхэр иIэу мэпсэу, мэлажьэ Быф Арсен. ЩIэлбэр гъэсэным, егъэджэным псэ хьэлэлкIэ бгъэдэт а цIыху щыпкъэм теуэху хэыбарыфI куэд иджыри зэрызэхэтхыну щэч хэлъкъым. Тхьэм иригъэфIакIуэ.

КIАР ДЭН Мухьэмэд.
Ислъэмей къуажэ.

Щlэм и лъыхъуакIуэ

Хэкум зиужьыным, ефIэкIуэным папщIэ зи гущIэ емыбзэжу щIэуэ хэр, гъащIэм я пащхьэ къригъэувэ къалэнхэр щIыхь пылъу зыгъэзащIэхэр мащIэкъым. Абыхэм ящыщщ Къамылыкъуэ дэт курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щеныгъэр, абы и унафэщIым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ дэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ КIэмпIу Iэсият.

КIэмпIу Iэсият

ІЭСИЯТ Бахъсэн куейм хыхьэ Зеикъуэ кьуажэм кьыщалъхуащ. Абы и адэ Сультlанрэ и анэ Санэрэ бынитху яIэти, псори жьыIэдаIуэу, жыджэру, пщIэрэ нэмысрэ яхэлъу къэхъурт, ауэ, гъэщIэгъуэнраькъэ, Iэсият псом я дежкIи щапхъэт - щIэ лажьэгъэхэр псынщIэ дыдэу ящIыжьыри, и анэм унагъуэ Iуэхухэр дигъэпсынщIэрт. Сабийм хьэл-щэн дахэ зэриIэм, предмет псомкIи дагъуэ лъэпкъ хуамыщIу фIыуэ зэреджэм куэд щIауэ гу лъатат абы и егъэджакIуэхэу Щауэ СэИмэт, АбытIэ Раисэ, Щауэ Ждин, нэгъуэщI куэдми. «Фи хъыджэбз цIыкIум дыхуэарэзыщ, фIыуэ иIо ужьу, щIыпфIэщI», - жаIуэ ра адэ-анэр куэдрэ ягъэгугфIэрт. Предмет псори фIыуэ илъагъуми, Iэсият зыпищI щыIэтэкъым адыгэбзэмрэ литературэмрэ: ПащIэ Бэчмырзэ, ЩоджэжнIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, нэгъуэщI куэдми я уСэхэр гъкIэ ищIэрт, пщыхьэщхьэм, унагъуэр зэхуэсыжа нэужь, «Мадинэ» поэмэм къахуеджэрт. Апхуэдэхэм деж анэм жиIэрейт: «Алыхым жиIэмэ, уэ цIыкIуми егъэджакIуэныр Iэщlагъэ пхуэхъуну къыщIэкIынщ».

Апхуэдэуи хъуащ: Зеикъуэ дэт курыт школыр 1989 гъэм фIы дыдэу кьыуха нэужь, Iэсият КъБКъУ-м и филологие факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кьудамэм щIэтIысхьащ. А илъэсхэм Iэсият нэIуасэ яхуэхъуащ университетым и егъэджакIуэ цIырыIуэхэу Урыс Хьэтлий, Нало Ахьмэдхъан, ХьэкIуащэ Андрей, нэгъуэщIхэми. Абыхэм я дерсхэр бзыльхъугъэ цIыкIум и гум ноби кьинащ.

ІЭзныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, Iэсият лэжьэн щыщIидзащ Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Къамылыкъуэ кьуажэм дэт курыт школым иKи нобэр кьызэдэсыи я зэфIэкIым хигъахуэу зэпэту егъэджакIуэ Iэнатlэр ирехуэкI.

- Иджырей зэманым ди пащхьэ кьригъэувэ кьалэнныхуэхэр зыхуэгъэзащIэ егъэджакIуэ нэсу ущытын папщIэ, уи Iэщlагъэм фIыуэ хэпщIыкIын къудейр ма щIэщ, - жеIэ Iэсият. - Ебгъаджэ сабий цIыкIуэр уи бным хуэдэу пльагъуу, кьыдэпхьэхыфу, бжьым хуэдэу кьопщIауэ, дэтхэнэ уи гъэсэнми кьэл-щэным, абы и хъуэпсапIэм, дзэныкъэм, и дуней тетыкIэм, нэгъуэщI куейми фIыуэ ущытгъуаззу ущытын хуейщ. Си лэжьыгъэм мыЧэму къыщIэзогъэсэбэп нэрылъагъу пособиехэр: альбомхэр, стендхэр, сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэр, докладхэр, рефератхэр. А псори дерс купщIафIэм щIыгъужамэ, сэбэпышхуэ мэхъу сабийхэм я зэхэщIыкIым, кьэухым зиужьынымкIэ.

ЕгъэджакIуэ ІэщIагъэм зэрыпэрыувэрэ и щIэныгъэм увыIэгъуэ имыIэу хигъахъуэу, екъуIэныгъэхэр зыІэригъэхьэу мелажьэ Iэсият. Абы школым куэдрэ щрегъэкIуэкI литературэ пшыхьхэр, усэ гъэхуауэ кьеджэжнымкIэ зэпеуэхэр, адыгэбзэмрэ литературэмрэ я маХуэхэр. Абыхэм Iэсият кьэрегъэблагъэ егъэджакIуэхэр, адэ-анэхэр, кьуажэм дэс нэхъыжьыфIхэр. КьытщIэхъуэ щIэблэр щэныфIэу, кьарууфIэу, узыншэу, я Хэкур фIыуэ ядъагъуу кьэхъун щхьэкIэ, мыхьэнэшхуэ яIэщ джэгукIэр зи лъабжьэ дерсхэр егъэкIуэкIыным. Абыхэм сабийм и гупсысэм зрагъэужь, хигъахъуэ, гъащIэм, дзэкьыгъэм хуауэзэщI, Іеймрэ фIымрэ зэхищIыкI ящI, адыгагъэмрэ щIыхугъэмрэ хуагъасэ. А джэгукIэхэр Iэ5эу, сабийхэри балигъэхэри диныхэхэрэ гухэхъуэ кьаритну, я нэгу зригъэужьу кьыщызэгъэпэщам деж, псоми гуапэу ягу кьонэ. Араш къызыкэкIри Iэсият щIэх-щIэхэныр урок-театрхэр, урок-зэпеуэхэр, урок-кьэхъугъэныгъэхэр иригъэкIуэкIыныр.

КIэмпIу Iэсият и гъэсэнхэр жыджэру хэтщ куейм, республикэм щекIуэкI зэпеуэхэм, олимпиадэхэм икIи, ди гуапэ зэрыхъуэри, екъуIэныгъэхэр щIэфIэхэри щаIэщ. Апхуэдэ текIуэныгъэхэм, щэч хэмылъу, егъэджакIуэхэмри егъэджакIуэхэмри я лъэр щIагъэкI, Iэмалымщ Iэхэр нэхъри кьагъэсэбэпу ёгъасэ. Усэ кьеджэнымкIэ апхуэдэ зэпеуэхэм гуэдэрэ япэ увыпIэр щауэ фIыдащ Iэсият и еджакIуэхэу Кьанкъулхэ ФатИмэрэ Темболэтрэ, МахуэлI Бесльэн, Бацэ ФатИмэ, нэгъуэщIхэми.

Я анэдэлъхубзэм хуэшэрыуэу, абыкIи я гупсысэхэр Iэ5эу, купщIафIэу къэзыIуэтэфхэм я зэхэщIыкIыр, къэухьыр нэхъ инщ. Абы теухуауэ мыхьэнэшхуэ иIэщ илъэзыбжанэ хуауэ республикэм щекIуэкI Си бзэ - си псэ, си дуней» фестивалым. А зэпеуэм илъэс куэд хуауэ хэтщ икIи ехъуIэныгъэщIэхэр щызыIэригъэхьащ КIэмпIу Iэсият. Псалъэм папщIэ, 2004 гъэм 6-нэ классым «КIэ зимыIэ таурыхъ» темэмкIэ урок зэIуха щитащ, Іутlыж Борис и «Партхэ я дыгъэ» пьесэр и лъабжьэу. «Театрыр - урокым» унэтIныныгъэмкIи япэ увыпIэр кьихьащ. 2006 гъэми абы пашэныгъэр зыІэригъэхьащ «КлассщIыб дэжьыгъэ нэхъыфI» унэтIныныгъэмкIэ.

Дзэлыкъуэ куейм и егъэджакIуэ нэхъыфIхэм ящыщ КIэмпIу Iэсият зэхьэзэхуэхэм я мызакъуэу, семинархэми, конференцхэми жыджэру хэтщ: 2006 гъэм, Налшык егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ институтым щекIуэкIа зэхьэхьэшхуэм доклад щищIащ «Адыгэбзэмрэ литературэмрэ школым зэрыщрагъэдж щIыкIэр» темэмкIэ. Абы и ужькIэ, Уфа кьалэм щекIуэкIа «ЕджакIуэ зэчиифIэхэр утыкушхуэм кьишэн» къэрапсо щIэныгъэ практикэ конференцым хэтащ. 2007 гъэм Iэсият щытекIуащ «Егъэджэныгъэ зэпкъ процессым ипкъ иткIэ екIуэкIа къэрапсо зэпеуэм. ЕгъэджакIуэхэм ядэIэпыкъуэ, абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Сабийхэм я творческэ гупсысэкIэм зегъэужьын папщIэ методикэ чэнджэщэр», нэгъуэщI лэжьыгъэхэри.

Iэсият и лэжьыгъэм гулъытэ игъуэтащ. И екъуIэныгъэфIхэм папщIэ абы кьыхуагъэфэщащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, Дзэлыкъуэ куейм егъэджэныгъэмкIэ и Iэнатlэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, УФ-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым кьабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ, гъэлъэр. А псоми «УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр кьыззрыфIащар, сом мини 100 саугъэту кьыззрыратар щIыбгъужмэ, зы цIыху гъащIэм дежкIэ ар мащIэкъым. Ауэ егъэджакIуэ гумызагъэр «адэкIэ кIуапIэ щыIэжькъым, сыда кьэдыщ» жиIэу кьэувыIэну и мурадкъым. Ар ипэкIэ маКIуэ. Апхуэдэ зэфIэкI, Iэсиятрэ фIыуэ иIэлъагъу и гъэсэнхэмрэ.

УнагъуэкIи насыпыфIэщ Iэсият. Абы и щхьэгъусэ Мусэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетыр, Краснодар дэт юридическэ институтыр кьиухуауэ хабзэхъуэмэ Iэнатlэм щолажьэ. Я щIалэ Залым щIыдагъэмрэ газымкIэ IэщlагъэлIэхэр щагъэхьэзыру Ставрополь дэт университетым и студентщ, я хъыджэбз щIыкIу Зуриагъэ 8-нэ классым щIэсщ. УнагъэкIи лэжьыгъэ Iэнатlэкlи насыпыфIэ, щыпсэу жылэм щIэ щызиIэ Iэсият иехъулIэныгъэщIэхэм дыпоплъэ.

СОКЪУР Жамболэт.
Дзэлыкъуэ куей.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Анэпсэу хуабэ, псынэпсу къабзэ

Ди лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ анэдэлъхубзэр. КьытщIэхьэу щIэблэм адыгэбзэр яIурылъу, абы щIэ хэха хуащIу кьэгъэхьныр, ди хабзэр, тхыдэр яфIэгъэщIэгъэну яджыныр кьалэн нэхъыщхьэу зыхуэзыгъэувыжа зэхьэхьэщ Кьэбэрдей-Балькъэр щекIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэр.

ЕГЪЭДЖАКIУЭХЭР, абыхэм я гъэсэн цIыкIухэр жыджэру зыхэт а зэхьэзэхуэм унэтIныныгъэ куэд кьызэщIеубыдэ. Абыхэм ящыщ зыщ «Адыгэбзэр ди унагъуэм» сочиненэ-зэпеуэр. А темэр кьызэпкьрызых тхыгъэ куэд кьыIэрыхьащ зэпеуэм и кьуэдащIакIуэ гупым. НыбжьыщIэхэр топсэльыхь анэдэлъхубзэм я унагъуэхэм щIэ мыхьэнэм, игъуэт пщIэмэ гулытэмрэ.

Школ гъащIэр кьэгъэлъэгъуэным, щIэблэм щIэныгъэ куурэ лъэпкъ гъэсэныгъэ кIуэрэ хэлъхьэным зэгъэпсаеу ди газетым и «Си еджапIэ - си къежьапIэ» напэкIуэщIым кьытедзэнущ «Адыгэбзэр ди унагъуэм» зэпеуэм кьагъэхьа тхыгъэ нэхъыфIхэр. Нобэрей кьыдэкIыгъуэм щыгъуазэ фыщыкъудощI апхуэдэ сочиненэхэм ящыщ зым.

Зи Хэкур, кьыщалъхуа щIыналъэр, зи лъэпкъэгъуэхэр фIыуэ зыльагъу, кьызыхэкIар зыщIэж, анэпсэу хуабэ, псынэпсу кьабзэ я бзэр Iэфlу зигу илъ, абы и кьарум и лъэщагъэр псэкIэ зыхэзыщIэ дэтхэнэ ныбжьыщIэми зиужьщIыну, лъэпкъым дамэ лъэщ хуэхъуну ди гуапэщ.

Адыгэбзэр си унагъуэм

Пщыхьэщхьэ пшэпль дахэщ, жьы кьабзэ кьопщэ, сэ джэхуэным сыдихьэхащ. Аузэ си щхьэщыгум кьыуащ кьуалзэбу бзэрабзэ. Сыдихьэхауэ сыщIодэIу абы и узэрдым. Іурылъ хуэдэщ абы си бзэ дахэу си псэр, си дунейр. Сыту щабэ ар, Iэфl икIи гуапэ, лъагъунысъ узэркIи гъэщIа. Даужкl, анэпсэм хуэдэу кьабзэщIи аращ. Си гущIэм кьыщызэрыIэтащ а бзэм и Iэфlагъыр, абы хэлъ дахагъыр. ЗыхьизгъэщIащ ар си анэм, гущIм сыщыхэлъам щыщIэдзауэ.

Бзэгупэм кьыпылъэдащ гущжъу узэрдыр, си анэм и бзэ дахэр, бзэрабзэр:

Жей, си гуащ, жей!
Жей, нэпIащ, жей!
Мазэр кьухьэм, щынущ нэху.
Жей, си дуней нэху.

Сыту насыпышхуэ хэль си анэ Iэфlым и бзэм. Дыгъэ нэбэйуэ зыпхидзащ ар си гум. Апхуэдэу си унагъуэм щоуэ си анэбзэр, си адыгэбзэр.

«Дахэм гур егъэгушхуэ», - жиIащ адыгэм. Адыгэбзэ дахэр, абы кьепхыжа хабзэ пори зэхэщIыкIыу дыкьагъэхъуным хущIокъу ди адэ-анэр. «Сабийр къжкIуну зэманым и фащщ, и купщIэщ, и гъуэзщ. Апхуэдэу щыщыткI», ахэр хуэхъэсэм хуейщ дахагъэ псомк», - жеIэ ди анэм.

Ди унагъуэм пщIэ щаIэщ ди анэдэлъхубзэмкIэ кьыдэкI газетым, журналхэм. Ди адэм фIэфIщ «Адыгэ псалъэм» еджэну. Си дэлъху цIыкIумрэ сэрэ гугъэтIылъыркъым «Нур» журналыр, абы итхыгъэхэр тфIэгъэщIэгъунщ, псалъэзэлъдэхэр дыззпеуэу кьыдощI». «Іуащхьэмахуэ» журналым кьытехуэ уэсхэм щщыхьэщхьэм унэм щIэсхэм сакьыхуоджэ. Щэч хэлъкъым, а псоми ди бзэр нэхъ иэрыуэ, дахэ ящI.

Яныныкъуэхэм жаIэ ди адыгэбзэр джыным мыхьэнэшхуэ имыIэу, абы жьыжьэ унимыхьэсыну. Ар щыуагъэшхуэщ. Бзэращ лъэпкъыр зыгъэлъэпкъыр. Ди усакIуэ щэджащэ Щоджэнщ1ыкIу Алий зэрыжиIауэ, зи бзэр бзэ мыхъун жьлэ бгъэутынкъым, а бзэр яфIэIуэхуу, зыхуей хуэзэу ягъэлажьэмэ. Ди унагъуэм илъ фIыгъуэхэм ящыщщ анэдэлъхубзэр. Уи анэм и бзэр щIэу, ар иIурылъу, абы щIэ хуэзащIу упэ-унри кьулеигъэу кьыдольытэ.

МАМХЭТЪ Айзэ,
Налшык къалэ дзэ гимназие №29-м и 7-нэ «А» классым и егъэджэу.

Iэмал нэхъыщхьэхэр

Гъуни нэзи зимыIэ информацэр щызекIуэ, зэи къэмыхъуэ техникэ зыуэмыныгъэхэр кьыщыхъу лIэщIыгъуэм нобэрей хьыбарегъащIэ технологиехэр дэтхэнэ зы щыхуми и гъащIэм фIэкIыпIэ имыIэу х эпща щхъ у. Абы кьыхэжьыу , щэчэмыгъ у, гурыIуэгъуэ: ныбжьыщIэхэр иджырей хьыбарегъащIэ Iэмалхэр кьагъэсэбэпыфу егъэсэныр егъэджэныгъэ лэжьыгъэм и кьалэн нэхъыщхьэу кьоув.

ЕДЖЭНЫР кIэ зимыIэ Iуэхугъуэщи, абы ухок нэужьми пыщэн хуейщ. Мыбдежьми куэд ельытащ егъэджакIуэм сабийр кьыззрыщIыхьэхыфм, иджырей технологиехэр кьыгъэсэбэпуэ, щIэныгъэ зригъэзгъуэзыныр ар зэрыхуигъэущыфм. Егъэджэныгъэм иджырей технологие пэрытхэр кьууэ кьызэрыхьхьам школ лэжьакIуэхэм Iэмал Iуэхуэдэхэ кьарет компьютерыр лъэныкъуэ къэдкIэ щэщIауэ кьагъэсэбэпыныкIэ. Апхуэдэхэщ, кьапщтэмэ, егъэджакIуэм и щIэныгъэм хигъэхъуэныр, творческэ, кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм компьютерым и фIыгъэкIэ адэжи зегъэужьыныр. Компьютерым зэфIэкIыу бгъэдэлъым Iэмалыкlфхэр уи пащхьэ къерелъхьэ егъэджэныгъэм и нэгъуэщI лъэныкъуэхэми фIы и лъэныкъуэкIэ кууэу захъуэжьыныкIэ. Ар кьигъэсэбэпу егъэджакIуэр хоплъыхьыф зэрыригъадзэ программэ зэмылIэужьыгъуэхэм икIи, и творческэ IэкIуэлъакIуагъым ельытауэ, езым урокым и Iыхьэхэр (щхьэзакъуэ, кьыззрапщIтэ, бзэм зэрызрагъэужь, схемэхэр, таблицэхэр, чертежхэр) зэрыригъэкIуэкIыну щыкIэр еубзыхуф. Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэ пэрытым кьыззрыгуэкI дерсхэр куэдкIэ нэхъ гъэщIэгъуэн, купщафIэ, еджакIуэхэр дзэныхьэ ещI. ИнформацIэр нэрылъагъуу, тышлу кьыпIэрыхьэу зэрыщытым урокым зэрызыуэгъэжьэзыр зэманыр нэхъ мащIэ ещI, зэребгъэкIуэкI щыкIэри иреГъэфIакIуэ.

Иджырей зэманым кьитлъуэ IэмалыщIэхэр егъэджэныгъэм апхуэдизу хэлъхьэныр хуабжьу сэбэпщ дерсхэр купщафIэу, хьэлэмэту зэхэлъу егъэкIуэкIыныкIэ. Информацэ технологиехэр и Iэжьыгъэм кьыщигъэсэбэпуэ, егъэджакIуэм урокым и Iыхьэхэр тепщэ зэмылIэужьыгъуэхэр яIэу утыкум щегъэлъэгъуэф. Презентацэхэр, нэрылъагъу дидактикэ пособие папщIэу, егъэджакIуэм дэIэпыкъуэгъу нэс кьыхуохьу дерсыщIэр щыкIуэм щагъэлъагъуэ, кьыхьэзыльхьэ школ директорхэм, - жеIэ егъэджэныгъэмкIэ куей Iэнатlэм и унафэщI Абрэдж Тамарэ. - Пщэрыльэ хуэпщI дэ гъэнэ Iуэхугъуэми ар бгъэдохьэ егупсысащэ, лъэныкъуэ псори зэпиплъытарэ нэхъыфIыр кьыхихауэ. Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэр щапхъэ ящухьу адрей школхэм я пашэхэми, Арсен и нэIэм щIэт гъжьакIуэ гупми. Абы кьыпэкIуа фIыгъуэхэм ящыщщ щIыбыр щалъагъуэм щIэ пщIэ лъагэр, дыкьыгъ лъапIэхэр, щIыхь, щытхъу тхьилъхэр.

Школ директорхэм куэд яхэтщ, а кьулыкъуэм пэрыува нэужь, я дерсхэм гулъытэ нэхъ хуамыщIу. Ар кьыхокI зэманыр нэхъ зэпэубыда зэрыхъуми, Iэнатlэр тэмэму зехьэным кьалэн куэд зэрыпылъми. Атlэми, а псори щIащIэжьыр сабийм щIэныгъэ куу етынырауэ щыщыгткIэ, дэтхэнэ дерсми жэуапIныныгъэкIэ бгъэдыхьэн хуейщ. ЕджапIэм и унафэр кьыззрыIэщIапъхьам щхьэкIэ къэмынэу, Быфым, япэми хуэдэу, гулъытэшхуэ хуещI и дерсхэр гъэхьэзырныи, ахэр фIагъышхуэ яIэу егъэкIуэкIыным. Абы кьыгуроIуэ дерсхэр кьыззыхуэтыншэу, купщафIэу, иджырей технологиехэр я пьабжьэу егъэжьэныныр егъэджэныгъэм и фIагъыр кьэзыIэт Iэмэпсымэ нэхъыщIхьэу зэрыщытыр. Абыкъ ЩIэлъ унафэщIыр щыщапхъэщ кьыдэлажьэхэм я деж, апхуэдэуи я щIэтгъэкъуэнщ икIи я чэнджэщгъуэ егъэджэныгъэм япэ лъэбакъуэ хэр щызыхъ IэщlагъэлIэнщ.

Гъэсэныгъэ екIуэр щIэныгъэм Арсен зрита ныб жьыщIэкэр куэд мэхъу. Зрагъэгъуэта Iэщlагъэкэмкlэ зэмылIэужьыгъуэми, егъэджакIуэм и нэIэм щIэта ныбжьыщIэхэм я нэхъыбапIэр зы IуэхугъуэкIэ зэтохуэ: ахэр гъащIэм хэзэгъащ, яхуэфэщэн хуэныпIэхэр щаубыдащ. Псом ящхьэращ, ныбжьыщIэхэм я гъуэгугъэныгъуэу, щIыхь пэж кьаэхкIащ.

- Ди класс унафэщIу икIи химиер дзэзгъэджу щыта Быф Арсен хуэдэ щIыхь гъуэтыгъуэйщ, апхуэдизу ар зи псэр ныбжьыщIэхэм яхуэзIуха лэжьакIуэщи. Ар ди класс, ди пашэу щамыгъэувыж щытуэ, гупыр зыкIи адрей школ классхэм дакьыкIэщу щытакъым. Иужькlэ ди класс унафэщIыр ди щапхъэу, фIы и лъэныкъуэкIэ зытхъуэжу дыхуэжьащ. Абы и щIыхьэт школ гъащIэм жьыдэжру дыхэт зэрыхъуар, олимпиадэхэм, псом хуэмыдэу химиемкIэ екIуэкIэм, уныпIэфIэхэр кьыщыщIхьу дыдэзэрыхуэкъым, Быфым топсэльыхь и гъэсэну щыта ЗекIуэрей Хьэсэн. - Арсен куэдым тхуэхъуащ ныбжьэгъу нэхъыжь, унэтlакIуэ, чэнджэщэгъуфI. Ноби абы зыудогъыазэ дызыигъэпIейтей Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ.

Сабийхэр Iейрэ фIыкIэ зэи зэжидзырыным егъэджакIуэм. Арсен зэрыжиIэмкIэ, ахэр псори псэ кьабзэу кьегъэщI. А кьабзагъэр, дахагъэр хъумэныр, егъэфIэкIуэныр зи кьалэнхэм ящыщщ егъэджакIуэхэр, гъэсакIуэхэр. ЗыгуэркIэ Iуэхум нэкьуэсаныгъэ кьыхэкIэм, ар сакьыу, сабиипсэр уIэгъэ умыщIу, абы и пщIэр ащрейхэм я деж щумыдыхьэу зэгъэззэжьэнкIи хуеиуэ аращ.

Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэхэр, дзей тетыкIэ мардэхэр иIэу мэпсэу, мэлажьэ Быф Арсен. ЩIэлбэр гъэсэным, егъэджэным псэ хьэлэлкIэ бгъэдэт а цIыху щыпкъэм теуэху хэыбарыфI куэд иджыри зэрызэхэтхыну щэч хэлъкъым. Тхьэм иригъэфIакIуэ.

КIАР ДЭН Мухьэмэд.
Ислъэмей къуажэ.

● Іуэху еплъыкIэ

**Іуни нэзи зимыIэ информацэр щызекIуэ, зэи къэмыхъуэ техникэ зыуэмыныгъэхэр кьыщыхъу лIэщIыгъуэм нобэрей хьыбарегъащIэ технологиехэр дэтхэнэ зы щыхуми и гъащIэм фIэкIыпIэ имыIэу х эпща щхъ у. Абы кьыхэжьыу , щэчэмыгъ у, гурыIуэгъуэ: ныбжьыщIэхэр иджырей хьыбарегъащIэ

БАТЫР Мухьэдин:

Къызэрыгуэкіыу ущытын хуейщ

Дахагъэ гуэр къэзыгъэщІыф цІыхум и гур нэхущ. Абы куэди хещІыкІ гъащІэм. Апхуэдэущ гуэрыгъэм и цІыху пажэ, Къэбардей-Балъкъэрым. Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист Батыр Мухьэдин. Ар хуэпэжщ и Іэщ Іагъэм, и лъэпкъым псэ къыбзкІэ бгъэдэтщ, егъэлъапІэ абы и пщІэр зыІэт дзтхэнэ Іуэхугъэри.

● Гъуазджэ

БАТЫР Мухьэдин къыщыхъуар Къулъкъужьи къуажэрщ. Абы фІыуэ елъагъу и сабиигъуэр щІэзупскІа дахагъэхэр - псыр, бгыр, губгъуэр. ЗэрыщІыкІырэ уэрэд жыІэным дихьэх Мухьэдин и гур абы кьыхуэзыгъэушари армадуэ пІэрэ?!

- Си адэ къуэш нэхъыжьым и къуэм уэрэд жиІэу щытащ. СфІэдахэт абы и макъыр, сыдикъэхырт. Сэри уэрэд жыІэнкІи си жагъуэтэкъым, школым пшьхъ гуэрхэр щІэкІуэкІмэ, сыхэт. Еханэ кІасым сыщІэсу «Ин ухъумэ, дэнэ ущеджэну ухуей?» - жаІэри къыззупщІати, Ленинград (иджы Санкт-Петербург) сыщеджэну сызэрыкуейр жэуапу стат, - жеІэ абы.

Школыр къиуха нэужь, Мухьэдин макъамэ училищэм щІэтІысхат, ауэ ар къимыхьу армэм дашащ. КъэкІуэжри, училищэм щІэсыгъэджа Къуэдзокъуэ Владимир и чэнджэщкІэ, Санкт-Петербург кІуащ. Щеджа консерваторэм щигъэкІуа иІэсхэр ноби гуапэу игу кьеГъэкІыж абы.

- ЦІыку щІэрыІуэ куэд щеджащ а консерваторэм. Абы нэхъри дигъэгушхуэрт, гукъыдэж кьыдитырт. Сыт хуэдиз дахагъэ щытлъэгъуа! Гъуэгум укъыззэрыкІмэ, Маринскэ театрыр щыгъи, абыи дыкІуэрейт, - жеІэ Батырыр.

Мухьэдин щыстудентам кьыщыщІам щыщ гуэрхэмкІэ кьыддогуашэ. «Экзаменттыуэ Глинкэ и Іэдакъэщ Іэкі жыжьыкІ. Абы гу кьабзи дащІыгъужмэ - щІакхъуэм тхъуцІынэ тецІэлъауэ уиІэщ. Уэ, Мухьэдин, макъри гу кьабзэри уиІэщ».

И Хэкужь, и унагъуэ пІэІэщІуэ щеджэм Мухьэдин, дауи, зыгуэри хуэныкъуащ. ЩІымэжэлІаи, пхъэнкІаКІэуэ щыпхъэжьыхуиІэщ. Дыхээшхуэ абы игу кьегъэкІыж студент гъащІэм щыщ хъыбар:

- Алыхьым кьысхуиГъэгъу жызоІэ, ар сигу кьыщыкІыжкІэ... Гъуэгум сриКІуэу, щІым сомитку щыпсу гу лъыстащ. КьызэрыщІэкІымкІи, си закъуэтэкъым сомитхум иэ езыщар - фызыжь гуэри ахъшэм хуэкІуэрт. Зы дакъикъкІэ фызыжьымрэ сэрэ ди нэхэр зэтехуэри, псалъэ лъэпкъ хэмыту, абы нэкІэ кьыгурысГэуІуащ ахъшэм сэ нэхъапэ сызэрыпсэнырт. Фызыжьыр хьэлъэу хэщІэтыкІри ІукІыжауэ щытащ.

ГъащІэм зыГэур щызыІэрыбгъэжьэн щыхьмэ, зыгуэри блэжьын хуейщ. ХьэуспелІэм унэмысауэ укъэувыІи хъуну кьыщІэкІынукъым. Ауэ арагъкъым нэхъыщхьэр. ЦІыхум кьыхих Іэщ Іагъэр езым ейуэ, и гум дыкьэу щытын хуейщ. ИщхьэкІэ кьызэрыхэщащи, ЩІымэжэлІи и мурадыр школым щІэс щІыкІэ иубзыхуат:

- Ежьмэ гуэр уущэтІысхьэн щхьэкІэ, абы ухуэпабгъэу щытын хуейщ. Сэ епщІанэ класым сыщыщІэсым автобус уасэ зэхуэсхьэсырт, кьалэм сыкьакІэрэтт, уэрамым тет сабийжэм сахыхьэурэ садзэуэршэрыт. Аруэдэ щыкІэкІэ, урысыбзэр зэзгъащІэу арат. Абы кьащІэкІуэ си макъым сеІэжыырт. КьызгурыІуэрт арыншэу цІыхэм гъузгушхуэ сызэрытемыувэзыфыр.

Санкт-Петербург щыщІэм Мухьэдин и егъэджакІуэу щытащ. Урысейм и цІыхубз артист Сервальд Нинэ. Абы Мухьэдин кьыжриІэрт: «ЦІыхум зэчий бгъэдэлъмэ, и щІакхъуэ Іыхьэр кьыхуэлэжьыжьынущ. Абы гу кьабзи дащІыгъужмэ - щІакхъуэм тхъуцІынэ тецІэлъауэ уиІэщ. Уэ, Мухьэдин, макъри гу кьабзэри уиІэщ».

Батыр Мухьэдин щІэнигъэзригъэзгъуэтри, куэди зриГъэлъэгъуащ. Ар къэрал Іэджэм щыІащ, концерт куэд иташ, и роль зэмылІэужьыкІэ гъуэхэр игъэзэщІащ. Артистыр ролхэм иропсэу, ахэр и гум хохьэ. Абы нэхъыфІ дыдэу кьеГъэлІахэм ящыщу кьелыутэ «Дахэнагъуэ» оперэм щигъэзащІэ Джэримэ и ролымрэ «Къамботрэ Лацэрэ» оперэм хэт Кьамбот и ролымрэ. Абы щхьэусыгъуэ иІэщ: ахэр езым яПэу игъэзэщІащ. И гум зэрыдыхьэм хуэдэу образхэр зэфІигъэуваащ, налъэ-налъэу зэхуихьэсащ. А псор зыпкърыкІ цІыхум и гугъуэхьым Іэмал имыІэу гурыфІыгъуэ кьыхихьынущ. Мухьэдин кьехъулІаэр щІэзныгъэм ирепх:

- А образхэр зыхэпщІэн щхьэкІэ тхьилъ куэд щІэбджыкІауэ, щІэныгъэ ббгъэдэлъу щытын хуейщ. Кьыщокъуэ Алим и «Нал къута» романым уемыджауэ, ЩІоджэнцІыкІу Алий и «Ханэ» уэсэр гукІэ умыщІэу, дауэ гъащІэм дахагъэу хэлъыр зэрыщхьэпщІэнкІэ? Пушкиныр Лермонтовра я усэхэр-щэ! Си жагъуэ мэхъу иджнепсту тхьилъ едэжэр зэрымащІэр. ЦІыхум и гур уэзу щытын хуейщ и лъэпкъым, абы и тхьдэм щхьэкІэ. Абыхэм куууэ хозыгъэщІыкІынкІэ, щыгъуазэ узыщІыфынчтхьилъыракъэ?! Сэ кьызэрыслъытэмкІи, щІэныгъэнщагъэращ иджнепсту щІалэгъуалэр щызыГъауэр, хьэулейуэ уэрамым дзэныгъэтыр.

Мухьэдин и мурадхэр кьемыхуЛэнкІэ хьунт и щыбагъым и унагъуэр кьыздэмытамэ. «ДэнэкІэ бгъаэмри, укъызыгурыІуэ, узыхэзыщІыкІ, кьыптІкъуэт унагъуэ уиІэн нэхъыфІ зыри щыІэкъым», - жеІэ абы.

ЦІыхум сыт хуэдэ ехъулІэныгъэ иІами, ар цІыхуу кьэнэжьин хуейщ. Армыхъуамэ, псори пСыхьэкІуадэщ. Апхуэдэущ Батырри ГъащІэм зэреплъыр. «Нэхъ лъагэу зыпІэтыху, нэхъ кьызэрыгуэкІыуущытын хуейщ» - а гупсысэр и гъащІэ гъусэщ, и гъэгугъэлъагъэщ Мухьэдин.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Зэрымытхъэщімэ, Іитльр зэрыщІэркъым. Псэхэр-щэ? Си дунейм зэрымыщІэхъэу кьыхэкІуэса гъэщІэгъэнэмэ язщ зи ужь диплъэж мы ильэсым кьыдзкІэ «Кулсэ» тхьилъыр. РадиокІэ игъэхьэзырхэм сыдэкьэх нэхъ мыхьумэ, и тхьигъэкІэ зэи сцІыхуакъым усэхэр зей Аброкъуэ Бэллэ. Бзылъхугъэ усэ дахэ сызэрыщІэмыджьыкІрэ сытщІа! Апхуэдэ псыхуэлІэр спкърыкІыпауи кьысфІэщІыр т. Хэт нэщанэ уапІэр ар схухихми, пэжыр зыщ - щхьэж и псэ и дунейщ, щхьэж и унэ и чэщанэщ. Хэбгъэзыхьмэ, адыгэбзэ тхьилъ ерджэным ехьэлІауэ си зэщІыкІым вэгъу фэжьыжь зэрытримышІар арагъэщ мы усальэр лъэныкъуэ зыбжанэкІэ си псэ щыбзэм щыщІэзыкІари.

ЗэКЪЕДЖЭ-щыкІафІэу, тІэкІуи пщащэ-Іущащэу, зэми Іэщабэ-Іущабэу, арщхьэкІэ быдэу щІым теувэу кьохьэ Аброкъуэр, Кьыскъуэщэркъым мы бзылъхугъэм и усэбзэр гунэс-псэгъэнщІу кьызэрызэщІэслъыскІы псалъэ купщІафІэр... Мо и напІэр ехьэхарэ и макъыр Іэсэу, псы-сэ кІэщІуцІмъэдэІу хуэдэрэ, адэкІэ дзапэ уэрэду ириша-жьэрэ лъэпкъыпсэ гъыбзэжьым макъамэр кьыдигъэуджу мэусэ Бэллэ. Зэми пщащэ укьІитхэрэ, арыхэхэри, зэуэзэпсэу бгырыс амазонкъ кІыщыкІыж у. Мы Іэмалхэм гъэщІэгъэну ящІэль пкъыдыщІежьэ хабзэр лъырщ. УсакІуэм фІыуэ ущІэбзэр уБудыщІэрэ ІэщІэ бзэр уБудыщІэрэ ІэщІэ бзэр уБудыщІэуеблыр псэм и ГъэпщкІупэ щэхуу зэрыщытыр нэрылъагъущ. Пщащэ-бзылъхугъэ-анэ зыхэщІэкІэу узыІэпашэ и усэхэм. Гу зыІэ у мытэж у, лъабэ дий унгъэщІурэ. Афэрбжьакъ лъапэ ушрешажьэри, истамбулакІуэ и лъагъуэ кІуапІэм укІэлъегъэпІухэ. Вагъуэ уэшхым урегъэуфэщІри, «Афэбгъжь задзу мэзышъэ нэкІум» и бжьэпэм удешыж. Нанэ и фащэ кьызыщетІагъэри, гущэр лъапэкІэ щІэзыпсКІэм урегъэзэкІуапсэ. Апхуэдэхэхэуэрэ зэм гущІыІуу, зэм гущІагъэу зыкъыркІуГа нэужь, е и щхьэр ехьэхауэ мэгупсыс, е кІэ зимыІэ лъэс лъагъуэм щхьэ закъуэу тоувэж.

УсакІу эм и псэ гурыгъу узыр псалъэ кьудейкІэ мыхьУу. а псалъэхэр зэрызэхэщ макъэм кьапих бзылъхугъэ Іубахьэмкіэ мэхьщІэ. И бауэмкІэ зэм кьырт, зэм щатэу, зэм зиукъуэдиижкэ мамыру зишэщІу, зэми «Мыдежьжыхэрэ?» жыиГъэІэ у, уигъэгулэрэ лъынтхуэ лъы уапІэр кьыуигъэпльхьуэу укъеуфрьхь. Жьыбгурыкьэгъуэ уиху эу, уздигъуэщІыха макъамэ лъапэр кьыупльхьыжкІэ, узри а уз дыдэм и купсэм ущыуфэразэу кьыпфІщІокІ!

ИтІанэ, Бэллэ ящыщкъым псалъэм и екІур акъылым лъапсэм жьакІуэу щызэблэзыгъэкІэхэм. Мыбы бзылъхугъэ Іэщхьафэу ириш шьлпкІэльейр зэрыпзэхэщар псэнэрынщ, налъэ псыгъэщІ. Арагъэщ щІэдэІуи, и псэр жьІэщІуэ щыкІэлъыкІуатэр:

Анэгуу пІащІэм и гурыщІэр,

Усэбзэу зэрощэщыр,

Анэгуу щащэм и гурыгъэр,

ЩыгъэжуУ зэпощэщыр...

Адыгэ бзэыльхугъэ усэм и псантхуэ кІэзэыщІэ джалъу мэпІэжьажьэ, жьакІуэри кьызэрротІатэ. ЩыбгъэжьІэн гуэри щыІэжьым!

Усэ тхылъым и фІэщыгъэщІэри екІупсу кьраупІэжа ыщІэхьэр щхьэтепхьэущ. Купсэ дыдэм и кьэуатхьр щызэпкъусуащ «Адыгэбзэм и гъыбзэм». Тхылъым и купсэр а гъыбзэрауэ зэрыщытым щэч хэлъкъым. Абы купкъыу Аброкъуэ Бэллэ рокъуэм ирещІэкІыж зи макъамэ щэщІыкІэ кьехьэлІауэ зэмыльэлужьыгъуэ уэрэдхэр.

УзыгъэщІэщ мы гъыбзэр:

Бзэ Іуэз нэпцІыуэр
КьызэрвэкІхэмэ,
Я жьыр лэныстэркъэ
Иобэ бзэрабзэр,
Сэ сыузндзэуІуэ
СыкъамыщІэкъуэи
Уз сщамыгъэтым
Ириздзауэр...

ГущІагъым щызэрихьэ бынпсэм хуэкьыртыж анэм и гуІэрт зэбгъэщхь хьунур ди бзэр зыдэлъ фэІуадзэри, бзылъхугъэ усакІуэм ар телыджжу кьиІуэтэфащ.

Анэ гущІэм Бэллэ кьыщІгъэщІ гуращІэжр Іущу зэщІокІжьыуэ. ГурыфІыгъу эмрэ іупсысэмрэ кьызщагъалъэ усэхэр зэм гъэгъащІ - мэдахэ, зэми бзу макъыщ - псэм ибофэрабзэ. Адэкіэ уэрэдым пыІэурэ е жэщ напІэу зыІэтрепІэж, е губжьу кьызэрэпльэт. Бэллэ и макъамэр зэм гъуни иэзи зимыІэ гъуэгуанэ тохьэ, зекІуэ ирехри акІэупсыж зыхуащьыжа Сосркьеуэ нэщхьеІуэу кьыпІуегъапльэ.

СфІэгъэщІэгъэнуэну сакьытеувыІат гурыщІэ, гущІагъщІэльэзм ехьэлІауэ кьыкІэжьэ усэхэмк... Мыбдеж фыгъуэнщэ-фІынщэ зыщІэслъхьа хуэапсэрэнкІэ зыкьисплъыскьыкІащ. Гум кьэкІыжкащ «Зыубыд си жьэ, зыІэжьъэ сигу пасэрел жьІэгъуэр. Щэч хэмыльу, псальэжькІэ бзылъхугъэ ущиеи м зы кьэгъэщІыгъэущ. Мы зи гуГъу сщІыр, Бэллэ и усыгъэм ехьэлІауэ кьапщІтэмэ, ар ирепщІыхь, иренэпс, ар иребжьыхьэ, ирегъатхэ, дауи ирехьри, пщащэ зэрыгъэм хуэмыфсэщэну зы ткІуэпс кьызыІэпигъэхуакъым усакІуэм. Насып зиІэм - шьыІэныгъэ иІэщ! Ауэ щыхъуакІи, псэр лъагъуныгъэм и лъхуэ пажэу зэрыщытыр хьэкъ пщищІэн Аброкъуэм хуээфІокІ, шэч кьытрыуигъэхьэххэркъым абы!

Адэр зыгъеижщащэу щІэтІысхьыпэкІэ, усакІуэм уегъэгуІэ, нанэ щІиупскІэ гущэм и сабиипсэмкІэ уегъэгуфІэ.

Усалъэм и кІэхъу кьакІу э ГущІэгтІысыпхьыжьыр зи псэм къыщымыджэну зы бзылъхугъи щыІэу си гуІэм кьыкъым. Гущэкъу у эрэдищІр усакІуэм и бынищым щахуІфлэкІэкІэ, псэ жэрыр мэльаГъэ. Адэ жьжьъэ зэман тшащъуэм, гъащІэр кьыздыщежьа лъахъэм щыщІауупсІкІэ гущэтыщыжьым псэ пхъэрар щомагъэ. Зи бгъафэм сабий щІэфар абдежи игу щимыгъэтІыдэу зыкьеГъэззэжри, сабий бжьэф макъым кьроКІуэж. Апхуэдэ кІуапІэ зимыІэри гурыфІыгъуэнщэ утыкум кьинэржьмэ - усэ тепІэгъуэм дзтэхэнэми и гущэ пІэщхьагъ кьщІопэщэщ.

ЩІэныгъэрэ псэкупсэрэ зыбгъэдэль бзылъхугъэ усакІуэр, адыгэ унагъуэжьым зи щэн щапсыхэар бзэмрэ хабзэмрэ щагъэупсысэм деж, тхьильеджэм и ажьыр-псэри зэпотІысри зэхэзэхэсу зэчэнджащэ, зи щыпэ-щыпэу кьызэІуахьэж хуабжьу зыщыужа (арщхьэкІэ хуабжьи зыхуэныкъуэ) жьэгур.

УсакІуэм и уэрэдхэр щызэрыгъафІэ Іэм, Бэллэ-псэм, кьигъэщІыр бзылъхугъэ макъамэщІ. Макъамэу щыІэм я ныкъ псыгъуэм - Анэм - зи бынжэпс кьыпаупщІар езыри анэщи, кІэи пэи зимыІэж псэ псысэу дуней льащІэхум щопэкІу. А дунейм ехьэлІауэ Бэллэ зэрыгупсысэр: «ФІамыщІ кІанэрэ ятІэ Іэмыщ Іэрэ зыхьэхуэщІэркъым, ауэ ехьэсщІыжьжащ зэрыщІыпщІ тІэкІуфІ».

- дунейм кьыпкъырихьыжа си лъагъуныгъэращ. Кьысщыщынащ, кьысхуогъ. Сэри согъ, дауэ щытми, Іумпэм зэрымыщІыфынчр сщІэуэ... - Псысыхубзщ, си бынщ ар сэ!»

«Купсэм» гъэщІэгъэнуэ нэхъыжщ гуэри ящыщ. Тхылъым ихуахэм усакІуэр езыр кьеджэжьу дедэІуэну Іэмал кьыдет усальэм щыгъу дискым. МакъкІэ Бэллэ игъэІуу абыхэм зыщІэмыдзІуамэ, усэхэр уи пкъынэ-лъынэм иджыри кэмытІысхьауэ арщ. Зритхъкауэ: «Дауэрэ макъкІэ ІэсыхуэпщІыпщІыну?» - ущІэр жэуапи хуэныкъуэхьэсщ.

КЪАРМЭ Іэсият.

● Тхыгъыщ Іэ

Дауэрэ макъкІэ сыпхуэпщІыпщІыну?

Аброкъуэ Бэллэ

Бандитхэр я гупым нэхъыбэ зэрыхъашэным яужь итщ. Хабзэкъуэм Іэнатіэхэм я кьаруКІэ 2011 гъэм Іщыкъэ зэщІэзыда бзаджашІэ гупым ящыщ нэхъ гуніГъэунщкІэр, хьэкІэжьуэкІагъэ зезыхьэ щІэпхьаджашІэ ерухэр зэрагъэкІуэдам кьыхъжьыу, экстремистхэм щІалэгъуалэр зыхашэныжкІэ гъжьыгъэ ерыщу прагъэкІуэжІ.

КъБР-м и Оперативнэ штабым республикэм щыпсэуху, кьуэ зиІэхэм абыхэм я зыІыгъыкІэ-щытыкІэм кІэтІыпльпІу захуеГъаэз. ЩІалэщІэм дин зехьэкІэм теухуа и Іуэху епльыкІэхэр жиІэу щІидзэм, и щытыкІэм, кьэзыкъуреихь ныбжьэгъуэм захуэжмэ - ышинагъэ зыпльть а нэцІнэкэр уэим фымыщІ, гулъытэнщІу кьэмыгъанэ. Фи кьуэм ІщІэ кьыщтэу щыхухІ хуэмышъакІуэ! Абы и кьэкІэнхр, и гъащІэр фхъумэ! Фи сабийр бандэ гупым хэзышІэхэм япщІэхуауэ кьафщІэмэ, «линэ пщтыр» телефонхэмкІэ фыпсалъэ. КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым апхуэдэ кьыбгаРэр кьызыбгъдэкІхэм я цІэр хэІущІыІу ищІынукъым икІи ядэІэпыкъунущ.

«Линэ пщтыр» телефонхэр:

- КъБР-м и Оперативнэ штаб - 48-15-10;
- УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм - 48-16-02, 48-15-81;
- КъБР-м щыІэ МВД-м - 40-49-10, 49-50-62;
- УФ-м и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхьэрэ федералнэ щІыналъэм щыІэм и «Э» центрым - 42-70-52;
- Урысей Федерацэм и Следственнэ Комитетым Следствэмкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм - 77-64-22.

● Спорт

Мудрэныр ещанэщ

Къэзахстаным хьыкъ Алматы къалэм щыШышылэм и 14 - 15-хэм щыІэхэтащ дзюдомкІэ «Мастерс» рейтинг зэхьэзэхуэ. Абы жэз медалыр кьыщихьащ ди пхъэзгъу Мудрэн Беслъэн.

ДОЛЛАР мин 200 щагъэува мы зэхьэзэхуэм зэхуишэсат къэрал 44-м икІа олимп чемпиону 9, дунейпсо чемпиону 23-рэ, зыщыщ континетхэм щытеткІуаэу 31-рэ. Апхуэдэу щыт пэтми, дэ дыщыгугът абы хэтыну адыгэ щІалэгъуэ Мудрэн Беслъэн (кг 60), Джэдагэ Алим (кг 66-рэ), Къуэдзокъуэ Мурат (кг 73-рэ) сымэ я текІуэныгъэхэмкІэ дагъэгуфІэну. Ахущэ-кІэ ахэр зыхэта Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхахар зэхьэзэхуэм хуэмышъэшыщІу кьыщІэкІащ.

Абыхэм дыщэрэ дыщыну - зырыз, жэзу медалиплІ кьихьауэ ящащ.

Кьыхъэжанык Іахэм яхэхуащ Мудрэн Беслъэн. Кипограмм 60 зи хьэпІагъэхэм я зэпеуэм абы ещанэ увыпІэр щыщІэрыгъэхащ.

Медалхэм пэгъунэгъу дыдэу къэувыІащ Джаданэ Алим. Къуэдзокъуэ Мурат къыщыхах зэпеуэм кьыщыхагъащІэри, ещанэщІу зэхьэзэхуэм кьыхагъэхкІащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Медаль зэхуэмыдэу 16

Налшык щыІэзэхэтащ 1992-1993 гъэхэм, 1984-1995 гъэхэм кьыхуахэмрэ самбомкІэ я Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэм и чемпионатрэ зэхьэзэхуэр.

АБы ирихьэлІащ псори зэхэту спортсмен 500-м щІигъу. Къэбардей-Балъкъэрым и цІкІэ утыку ихьа цІыхуи 140-м ящыщу 16-м медалэр зыІэрагъэхьащ.

Зэхьэзэхуэм пашэ щыхъуащ Мырзэ Тимуррэ Хъуп Эдуардрэ я гъэсэн Гереков Рустам. Кьуштьэнэ Замир зи тренер КІэбышэ Хьид (кг 48-рэ) жэз медалыр кьихьащ.

Ныбжьыщ Іэхэм я бжьыщ медалыр щызыІэригъэхьащ килограмм 68-рэ зи хьэлъагъ Къэрмыш СулътІан. Тренерхэр Пщынашэ Муратрэ Уэщхъун Баширрэщ.

Ещанэ хъуахэщ Мыд Альберт (кг 74-рэ), Даур Рэмэзан, Хьэцым Аскэр (тІури кг 100-м щІегъу) сымэ.

Къэрмыш СулътІан цІыхухъухэм я зэхьэзэхуэми фІы дыдэу зыкъыщигъэлъэгъуащ икІи етІуанэ увыпІэр кьихьащ. Дыщэ медалыр килограмм 68-рэ хьухэм я гупым щызыІэригъэхьащ бабыгуей Олег.

Ар егъасэ Ким Руслан.

Щыбэнэ гупым щытекІуащ Мэзыкъэ Амырхан (кг 68-рэ). ЕтІуанэ хъуахэщ Къэзакъ Кьантемыр (кг 52-рэ), Жэмбей Амырхан (кг 82-рэ), Нэгъуей Елдар (кг 68-м нэс) сымэ. Ещанэщ Бабыгуей Анзор (кг 57-рэ), Мэкъуауэ Ислъам (кг 68-рэ), Батыр Рустам (кг 74-рэ), Мэремыкъуэ Александр (кг 100-м щІегъу).

ЖЫЛАСЭ Замир

● Абы дегъэпІейтей

МафІэсыншэу зэфІэкІакъым

Ильэсыщ Іэ зыгъэпсэкъуэу махуэхэм цІыхуэм нобзэгъубзапІъатхъэмрэ сакъыныгъэмрэ зэрагъэгъупщкІам кьыхэхьІу, республикэм мафІэс зыбжанэ кьыщІхьащ.

ДЫЗЫХЬХЬА 2012 гъэм щІышылэм и 1- 9-хэм Къэбардей-Балъкъэрым и мафІэсгъэшІэныгъэм кьаІэрыхьа хьыбархэм ящыщ иткІэ, 32-рэ зэрамыІэ хуей хъуащ. Къэлэсэн, Лэскэн, Аруан куейхэм мафІэс тІурытІ, Прохладнэм - 3, Налшык кьалэ - 5 кьыщІхьащ. КьыщынэмыщІауэ мафІэсгъэункІыфІэхэр, хьыбар нэпцІхэмкІэ 11-рэ ираджащ.

И Іэщым щІымахуэм хуигъэтІылъа мэкъу тонни 2-м ИльэсыщІэм и япэ махуэм хэкІыжащ Жэмтхьэлэ Ипщэ щыщ 3. МафІэсыр кьрикІуащ пиротехникэ Іэмэпсымэхэр сакъыу кьызэрамытъэсэбэлам. Бахьсэненэ кьужьхэм дэт уней лъапсэм кьыщІхьуа мафІэсым и щхьэусыгъуэр сабийхэр мафІэм зэрыриджэгъарщ. Абы мэкъу тонным нэс щисащ. МафІэсгъэункІыфІэхэм я фІыгъэкІэ, лыгъэр уху-ныгъэхэм нэсакъым.

Щышылэм и 5-м щыщхьэщхьэм сыхьэти 9-м «01» пунктым кьыІэрыхьащ. Пэхущым и ГъурамыН тет унэжьхэм ящыщ зым мафІэс кьызэрыщыІхьуам теуха хьыбар. Налшык кьалэм МафІэсым кІэтьыпльпІынымкІэ и кьудамэм и унафэщІ Борисов Вячеслав щыгъуазэ дыдэрищІамкІэ, унащІхэр, пэшитІым щІэта унэтьащІэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ абы хихьащ. МафІэсыр кьыщІихьауа унэм щыхуэ 5 кьыщІагъэІэпхъукІащ, 1959 гъэм кьаІэхуа щыхухьум и хьэзэр кьагъэуІэщ. Щхьэусыгъуэр зжагъэкІ, зэрыхуаГъэфащэмкІэ, ар пэшхьэку Іэмэпсымэр тэмэму кьызэрамыГъэсэбэпам кьрикІуащ. А псоми кьыдэкІуэу, гъунэгъуэм зэрыжьаІэмкІэ, хэкІуэдар фадэм дихьэхыр т, а махуэм и чэфу щытащ. ЦІыхухъэр жеящ, мафІэс кьыщІихьуам кьэуша щхьэкІэ, ар лыгъэм зэщІищта пэшым кьыщІэкІыфакъым.

Прокладнэ куейм хьыхь Гвардейскэ поселкэм кьыщІихьа мафІэсым мэкъу зэкІуэщІыхьауэ 600, тІууэ зэтет пхъэ мэкъу гъэтІылъыпІэ хисхьащ. Ар кьызыхэІа щхьэусыгъуэмрэ щхьэ хэщІыныгъэмрэ зэхагъэкІ. МафІэсгъэункІыфІэм Іэщ ыщхьэу 7 кьрагъэІащ.

2011 гъэм и пэщІдзэм Шэджэм Ищхьэрэ кьуажэм кьыщІихьуа мафІэсым мэкъу зэкІуэщІыхьауэ 600, тІууэ зэтет пхъэ мэкъу гъэтІылъыпІэ хисхьащ. Ар кьызыхэІа щхьэусыгъуэмрэ щхьэ хэщІыныгъэмрэ зэхагъэкІ. МафІэсгъэункІыфІэм Іэщ ыщхьэу 7 кьрагъэІащ.

ЩІымэжэлІаи, зэкІуэдар фадэм дихьэхыр т, а махуэм и чэфу щытащ. ЦІыхухъэр жеящ, мафІэс кьыщІихьуам кьэуша щхьэкІэ, ар лыгъэм зэщІищта пэшым кьыщІэкІыфакъым.

Прокладнэ куейм хьыхь Гвардейскэ поселкэм кьыщІихьуа мафІэсым мэкъу зэкІуэщІыхьауэ 600, тІууэ зэтет пхъэ мэкъу гъэтІылъыпІэ хисхьащ. Ар кьызыхэІа щхьэусыгъуэмрэ щхьэ хэщІыныгъэмрэ зэхагъэкІ. МафІэсгъэункІыфІэм Іэщ ыщхьэу 7 кьрагъэІащ.

2011 гъэм и пэщІдзэм Шэджэм Ищхьэрэ кьуажэм кьыщІихьуа мафІэсым мэкъу зэкІуэщІыхьауэ щыта мафІэсым и щхьэ 86-рэ хэкІыжащ. Абы щыщ хэкІуэдащ. Абы щыщІэрыгъэ ящыщ мафІэс кьыщІихьуащ. Ар къэрал Іэджэм щыІащ, концерт куэд иташ, и роль зэмылІэужьыкІэ гъуэхэр игъэзэщІащ. Артистыр ролхэм иропсэу, ахэр и гум хохьэ. Абы нэхъыфІ дыдэу кьеХъулІахэм ящыщу кьелыутэ «Дахэнагъуэ» оперэм щигъэзащІэ Джэримэ и ролымрэ «Къамботрэ Лацэрэ» оперэм хэт Кьамбот и ролымрэ. Абы щхьэусыгъуэ иІэщ: ахэр езым яПэу игъэзэщІащ. И гум зэрыдыхьэм хуэдэу образхэр зэфІигъэуваащ, налъэ-налъэу зэхуихьэсащ. А псор зыпкърыкІ цІыхум и гугъуэхьым Іэмал имыІэу гурыфІыгъуэ кьыхихьынущ. Мухьэдин кьехъулІаэр щІэзныгъэм ирепх:

- А образхэр зыхэпщІэн щхьэкІэ тхьилъ куэд щІэбджыкІауэ, щІэныгъэ ббгъэдэлъу щытын хуейщ. Кьыщокъуэ Алим и «Нал къута» романым уемыджауэ, ЩІоджэнцІыкІу Алий и «Ханэ» уэсэр гукІэ умыщІэу, дауэ гъащІэм дахагъэу хэлъыр зэрыщхьэпщІэнкІэ? Пушкиныр Лермонтовра я усэхэр-щэ! Си жагъуэ мэхъу иджнепсту тхьилъ едэжэр зэрымащІэр. ЦІыхум и гур уэзу щытын хуейщ и лъэпкъым, абы и тхьдэм щхьэкІэ. Абыхэм куууэ хозыгъэщІыкІынкІэ, щыгъуазэ узыщІыфынчтхьилъыракъэ?! Сэ кьызэрыслъытэмкІи, щІэныгъэнщагъэращ иджнепсту щІалэгъуалэр щызыГъауэр, хьэулейуэ уэрамым дзэныгъэтыр.

Мухьэдин и мурадхэр кьемыхуЛэнкІэ хьунт и щыбагъым и унагъуэр кьыздэмытамэ. «ДэнэкІэ бгъаэмри, укъызыгурыІуэ, узыхэзыщІыкІ, кьыптІкъуэт унагъуэ уиІэн нэхъыфІ зыри щыІэкъым», - жеІэ абы.

ЦІыхум сыт хуэдэ ехъулІэныгъэ иІами, ар цІыхуу кьэнэжьин хуейщ. Армыхъуамэ, псори пСыхьэкІуадэщ. Апхуэдэущ Батырри ГъащІэм зэреплъыр. «Нэхъ лъагэу зыпІэтыху, нэхъ кьызэрыгуэкІыуущытын хуейщ» - а гупсысэр и гъащІэ гъусэщ, и гъэгугъэлъагъэщ Мухьэдин.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Адыгэ щууей.
Сурэтыр Орловский Александр *ищІащ. 1830 гъэ*

● КъБР-м и МВД-м

Ахъшэ нэпцІ

Урысей Сбербанкым и кьудамэ №8631-м, КІыщокъуэмрэ Пушкиныр я уэрам зэхэкІыпІэм деж щыІэм, Прохладнэ кьалэм дэт «Связной-Логистика» ЗАО-м и кьыкІыу кьыІэрыхьа ахъшэр щІэзыбжьыкІ кассрым сом минн 5 хьу купюрэ нэпцІ кьигъэтащ.

ЩЭЧ кьызытрыахьэ банкнотэр КъБР-мкІэ МВД-м и эк сперт-криминалист цІнтрым яГъэхьащ. Іуэхур зэхагъэкІ.

Урысей МВД-м Налшык кьалэмкІэ и Іуэхущ Іапэм республикэм и кьалащхьэм щыпсэуэ хэр нэ хь нафІэ зэгубзапІльэу щытыну, ахъшэ нэпцІ зэрызэрагъэкІуам теуха хьыбарр кьэрал кІуэщІ Іуэхуэмкіэ Іэнатіэм лъагъэІэсыну е 02 телефонымкІэ псэльэну захуеГъаэз.

Іэщэ кьытрах

Къэрал кІуэщІ Іуэхуэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и «Э» центрым и лэжьакІуэхэм кьэлыхьхъэныгъэ Іуэхугъуэхэр щрагъэкІуэкІым Налшык кьалэм щаубыдащ мызытІэу суд зытращІыхьа щІыпІэм щыпсэу цІыхухъэр.

АБы КЪЫКЪУАХАЩІэ 30 зэрыль «Калашников» автоматым и щалъэ, тхьилъымпІэм кІуэцІыщхьаэу Іэщэ Іэмэпсымэ 14.

Следствэ гупыр, экспертхэмрэ криминалистхэмрэ мэлажьэ.

Къэрал кІуэщІ Іуэхуэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм Хьыбарыщ Іэхэмрэ жылагъуэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и кьудамэ.

Гуэл щхьэантІэхэм щитхьэпащ

Къэрал кІуэщІ Іуэхуэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм зэхегъакІ республикэм и Гуэл щхьэантІэхэм щитхьэпа псыщІагъэм схьным дихьэх. 1972 гъэм кьалъхуа мэзкуудэс Родионов Андрей и хэкІуэдэкІар.

ЯІэ ХЬЫБАРЫМКІЭ ар дайвингымкІэ зэхьэзэхуэхэм хэтащ, арщхьэкІэ псы гущІыІум кьыщысыжам Радионовыр медицинэ Іуэхутхьэбзэ зэрыхуэныкьуэм гу льатащ. Нэхъ гуныгъэу сымаджэщым нагъэса щхьэкІэ, кьахуегъэла-кІам.

Къэрал кІуэщІ Іуэхуэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэ), **ЖЬэКІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и